ФIФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№23 (23.431) • 2017 гъэм мазаем (февралым) и 8, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



## Белавенцев Олегрэ КIуэкIуэ Юрийрэ Псыхуабэ щызэхуозэ

Пятигорск къалэм щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Белавенцев Олегрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ я зэIущIэ. Ахэр тепсэлъыхьащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, щIыналъэм щыIэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэм япыщIа Iуэхухэм. Гулъытэ хэха хуащIащ Урысей Федерацэм и Президентым и указхэмрэ абы къигъэува пщэрылъхэмрэ гъэзэщIа зэрыхъум.

***УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и официальнэ сайт.***



● Дыгъуасэ

## «Кавказавтосити»-м и проектым егъэпIейтей

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зэIущIэр теухуат «Кавказавтосити» спорт центр яухуэм и Iуэхур здынэсам.**

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий** жиIащ Сабий-ныбжьыщIэ спорт автомобиль школыр зэрагъэпэщыжыныр зэрызэфIагъэкIар, щIы гектар 50-м щIигъу къызэщIэзыубыдэну картодромымрэ машинэхэр къыщызэдагъэжэну гъуэгумрэ яухуэнымкIэ зыхуеину дэфтэрхэр зэрагъэхьэзырар. Ауэ иджыри унафэщIхэр зэлэжьын хуей куэд къэнащ. Абыхэм ящыщщ ныбжьыщIэ 200 щрагъаджэ хъуну 2016 гъэм къызэIуаха Сабий-ныбжьыщIэ спорт автомобиль школым и лицензэр зэрымыхьэзырыр. Мусуковым зэрыжиIамкIэ, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар ухуэныгъэм щелэжьым газыр зэрыкIуэ бжьамийм къыпакIухьын хуей зэрыхъуарщ. КъБР-м и Iэтащхьэм «Газпром Межрегионгаз Налшык» ООО-м пщэрылъ щищIащ мазэм и кIуэцIкIэ ар игъэзэкIуэжыну.

КIуэкIуэ Юрий къыщыпсалъэм жиIащ «Кавказавтосити» проектым и зы Iыхьэу ягъэхьэзыр Сабий-ныбжьыщIэ спорт автомобиль школыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Абы щIалэгъуалэм къыщIахыну щIэныгъэр сэбэп хъунущ машинэм хьэл-щэн яIэу исынымкIэ. Апхуэдэмэ, автомобиль зэжьэхэуэхэр нэхъ мащIэ хъунущ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ цIыху куэдым лэжьапIэ зэрагъуэтынуми. «Сабий-ныбжьыщIэ спорт автомобиль школым и къалэну щытынур - сабийр пасэу гъуэгу хабзэхэм щыхурагъэджэнырщ, IэкIуэлъакIуэу машинэ кърахуэкIыфу щагъэсэнырщ. ЗэрытщIэщи, ди щIалэгъуалэм яфIэфIщ машинэкIэ къызэдэжэну. Зи ужь дит центрым а Iуэхури шынагъуэншэу къызэрызэдгъэпэщынур къыщылъытащ. СызэрыщыгъуазэмкIэ, зыми хуэмыдэ мы IуэхущIапIэр тещIыхьащ автомотоспортымкIэ (ралли, картинг, кросс) зэхьэзэхуэхэр егъэкIуэкIыным», - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

- Ухуэныгъэм бюджет ахъшэ хэтлъхьэн хуей хъуакъым, атIэ а Iуэхур инвесторхэм къыддаIыгъащ. ИтIани, сызэреплъымкIэ, Iуэхур кIыхьлIыхь хъуащи, республикэ унафэщIхэм къыдэлъыта псори зэфIэдгъэхьэу, лэжьыгъэр зэрыщIэдгъэхуэбжьэнум дегупсысын хуейщ, - пищащ КIуэкIуэ Юрий.

Абы щапхъэу къиIьащ нэгъуэщI щIыналъэхэм - Калугэ, Приморье, Москва, Санкт-Петербург - я инвестицэ Iуэхухэр зэрыпхагъэкIыфыр, а псом зыщагъэгъуэзэн хуейуэ жиIащ. Iэтащхьэм КъБР-м и Правительствэр иджыри зэ къыхуриджащ республикэм и экономикэм зи мылъку къыхэзылъхьэфынухэм зэрадэлажьэр ирагъэфIэкIуэну.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



## КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкIащ республикэр езым и фIэфIыныгъэкIэ Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я къэкIунумкIэ мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ зиIа Iуэху гъуэзэджэхэм ящыщыр - республикэр езым и фIэфIыныгъэкIэ Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэшхуэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэр.**

АБЫ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Т. Б., КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ М. М., КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Ахъуэхъу Т. Б., КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ М. Л., КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр Хьэсанэ И. М., КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къэзанш Л. Б., КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI КIурашын А. В., Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Алэкъей А. М., КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Геккиев С.З. сымэ.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыщыпсалъэм КIуэкIуэ Юрий жиIащ: «Урысей къэралыгъуэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэкъуегъэувэ лIэщIыгъуэ куэд лъандэрэ къадекIуэкI тхыдэм. ДызыхуэкIуэ Iуэхум и инагъымрэ абы иIэ мыхьэнэмрэ дэ къалэн къытщащI а гуфIэгъуэр тэмэму икIи Iэтауэ екIуэкIын папщIэ тхузэфIэкI псори длэжьыну. Мы лэжьыгъэм къыхэшэн хуейщ щIэныгъэмкIэ экспертхэр, дин лэжьакIуэхэр. Нэхъ хэIэтыкIауэ къэгъэлъэгъуапхъэщ а Iуэхум тхыдэм щиIыгъ увыпIэр, Урысей къэралыгъуэр зэтегъэувэнымрэ гъэбыдэнымкIэ ди адэжьхэм зэфIагъэкIар».

Зыхуэфащэ IэнатIэхэм я пщэ иралъхьащ юбилей дауэдапщэхэр зэрырагъэкIуэкIынум теухуа программэ зэпкърыха 2017 гъэм мазаем и 14-м фIэмыкIыу ягъэхьэзыру ар къащтэн папщIэ къыхалъхьэну, мы гуфIэгъуэшхуэр илъэс 400 зэрырикъуам и цIэр зезыхьэ утыр, республикэм и къалащхьэм тхыдэ мыхьэнэ зиIэ и адрей щIыпIэхэр зэгъэпэщыжынымрэ зэIузэпэщ щIынымрэ мазищым кърииубыдэу зэфIагъэкIыну.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

● Аруан щIыналъэ

## Псым йогугъу

**Нарткъалэ и «Водоканал» IуэхущIапIэмкIэ илъэс блэкIар гугъуащ - ныкъусаныгъэ куэд ягъэзэкIуэжын хуей хъуащ абы и лэжьакIуэхэм.**

КЪАПЩТЭМЭ, псы зрикIуэ бжьамий кхъахэхэр 150-м нэблагъэ зэпыудурэ зэпащIэжащ. А лэжьыгъэм трагъэкIуэдащ сом 1 мелуанрэ мин 300-рэ. А къэхъукъащIэхэм я зэранкIэ псыуэ куб мин 750-м щIигъу яфIэкIуэдащ.

«Водоканал» ООО-м и къарукIэ щIэуэ иригъэщIащ канализацэ зэхэкIыпIэу 77-м я щхьэтепIэхэр, псы щызэхэж щIыпIэхэм къыщагъэсэбэп пкъыгъуэхэр щызэрахъуэкIащ щIыпIэ 72-м. Бжьамий метр 1538-рэ щыщIалъхьащ ЩоджэнцIыкIум, КIуащым, Фадеевым я цIэхэр зезыхьэ, Къэбэрдей, Октябрьскэ, Дагъыстэн уэрамхэм.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

## НОБЭ

♦**Урысей щIэныгъэм и махуэщ.** 1724 гъэм Пётр Езанэм Iэ щIидзащ Петербург ЩIэныгъэхэмкIэ и академиер къызэгъэпэщыным теухуа унафэм. Иджыпсту ар РАН-рщ.

♦**Урысейм и дзэ топографым и махуэщ**

♦**Словением щагъэлъапIэ я щэнхабзэм и махуэр**

♦**1725 гъэм** дунейм ехыжащ Урысейм и япэ император Пётр Езанэр.

♦**1819 гъэм** Санкт-Петербург университет къыщызэгъэпэщыным теухуа унафэр къащтащ.

♦**1837 гъэм** Петербург и Iэгъуэблагъэм деж Пушкин Александррэ Дантес (Геккерн) Жоржрэ щIакIуэкIапэ щызэдытеуващ. Абы щигъуэта уIэгъэм Пушкиныр илIыкIауэ щытащ мазаем и 10-м.

♦**1838 гъэм** Морзе Сэмюэл малъхъэдисыр къигъэсэбэпу ищIа и телеграфым и лэжьэкIэм цIыхухэр щыгъуазэ ищIауэ щытащ.

♦**1919 гъэм** Урысейм къыщыдэкIащ зэманыр дунейпсо пщалъэм тету къэбжыным теухуа унафэр.

♦**1943 гъэм** Воронеж фронтым и дзэхэм Курск къалэр хуит къащIыжащ.

♦**1984 гъэм** Сараевэ къалэм (Югославие) къыщызэIуахащ XIV ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр мазаем и 19 пщIондэ екIуэкIащ.

♦**1992 гъэм** Альбервиль (Франджы) къыщызэIуахащ XVI ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр. Мазаем и 23-м зэхуащIыжащ.

♦2002 гъэм Солт-Лейк-Сити къалэм (США) къыщызэIуахащ XIX ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр.

♦**1994 гъэм** «Газета Юга» газетым и япэ номерыр къыдэкIащ.

♦Урыс еджагъэшхуэ, химик цIэрыIуэ **Менделеев Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 183-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакIуэ, бзэр зыджа щIэныгъэлI **Успенский Лев** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Болэ Мурат** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Тихонов Вячеслав** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Муравьёвэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щауэ Iэбубэчыр** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист, Олимп чемпион, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Костомаров Роман** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 6 - 4, жэщым градуси 6 - 5 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Шыр птымэ, шхуэри дэщIыгъу.**



## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам теухуауэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Берд Хьэзрэталий жиIар

**2017 гъэм Парламентым Зэрызыхуигъэзам республикэм и Iэтащхьэм кIэщIу, ауэ купщIафIэу къыщигъэлъэгъуащ блэкIа илъэсым кърикIуа Iуэху нэхъыщхьэхэр икIи дызыхуэкIуэ лъэхъэнэм IэнатIэ псоми къыщытпэщыт къалэнхэр щиубзыхуащ.**

КЪЭБГЪЭЛЪЭГЪУЭНУ гуапэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ социально-экономикэ щытыкIэр, бюджет IэнатIэр зэпIэзэрыту зэрекIуэкIар, цIыхухэм я пащхьэ къыщащта социальнэ къалэнхэр гъэзэщIа зэрыхъуар, IэнатIэхэм я нэхъыбапIэр зыужьыныгъэ гъуэгум зэрытеувар.

Властым и IэнатIэ псоми я органхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм фIэкIыпIэ имыIэу япэ щрагъэщын хуейхэм ящыщу КIуэкIуэ Юрий къигъэлъэгъуащ унагъуэхэм защIэгъэкъуэныр, демографиер егъэфIэкIуэныр, цIыхухэм я узыншагъэр хъумэныр, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыныр. А IэнатIэхэм нобэм ирихьэлIэу щызэфIагъэкIахэр мащIэкъым, ауэ лэжьыпхъэу иджыри куэд щыIэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэм къалэну къигъэуващ узыншагъэр хъумэнымкIэ пэублэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр зэIубз тщIыну икIи къыхигъэщхьэхукIащ: «щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм а и Iыхьэр нэхъ къыкIэрыхуауэ щытщ». Сыт щыгъуи хуэдэу, гугъуехь нэхъыщхьэхэр поликлиникэхэм цIыхухэр зэрыщызэтрихьэрщ, дохутырхэм документхэр гъэхьэзырыным зэман куэд трагъэкIуэдэн хуей зэрыхъурщ, участкэхэм щылэжьэну дохутырхэр зэрахуримыкъурщ, уз пыухыкIахэр гъэхъужыным хэхауэ телажьэ IэщIагъэлIхэр зэрымащIэрщ. А псоми къагъэув гугъуехьхэр дэгъэкIыныммкIэ хэкIыпIэхэр зэман кIэщIым къриубыдэу къэгъуэтын хуейуэ. Акъылэгъу умыхъупIэр иIэкъым, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и къыхэщхьэхукIыныгъэ нэхъыщхьэу медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр зэхуэдэу псоми къагъэсэбэпыныр, а Iуэхутхьэбзэхэр и зэманым ягъуэтыныр, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр фIагъ лъагэ яIэу къызэгъэпэщыныр зэрыщытым теухуауэ КIуэкIуэ Ю. А. жиIамкIэ.

Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыщ Iыхьэшхуэр теухуащ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ядэIэпыкъуным. Сабийхэм яхуэфащэн гулъытэ яхуэщIыныр, республикэм и Iэтащхьэм зэрыжиIамкIэ, хуэгъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнум елэжьэным, абы къыхэкIыу а лэжьыгъэм хуэунэтIауэ щытын хуейщ мурадрэ плъапIэу диIэ псори.

Егъэджэныгъэм и IэнатIэм псом япэу щызэфIэгъэкIын хуей Iуэхухэм ящыщу КIуэкIуэ Ю. А. къигъэлъэгъуащ егъэджэныгъэм и фIагъыр къэIэтыныр, сабийхэм, абыхэм нэхъ зэчиифIэу къалъытэхэри яхэту, ядэIэпыкъунымкIэ центрхэр республикэм и школ, вуз нэхъыфIхэм къыщызэIухыныр, сабийхэм я акъылым, творчествэ зэфIэкIым, узыншагъэм зегъэужьынымкIэ иджырей зэманым къезэгъ Iэмалхэр зэтегъэувэныр. А псори зыхуэгъэзар мурад нэхъыщхьэрщ - гъэсэныгъэ зыхэлъ цIыхухэр къэгъэтэджынырщ.

ЦIыхубэм я зэхэщIыкIыр къэIэтынымрэ абыхэм я зэкъуэтIыныгъэр гъэбыдэнымкIэ щэнхабзэмрэ динымрэ мыхьэнэ хэха зэраIэр къыхигъэщхьэхукIри, КIуэкIуэ Юрий къыхуриджащ мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и юбилей гуфIэгъуэхэм ятеухуа Iуэхухэр тэмэму икIи екIуу ирагъэкIуэкIыну. Шэч лъэпкъ къытезмыхьэжу сэ жысIэфынущ а Iуэхухэм Жылагъуэ палатэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ икъукIэ жыджэру зэрыхэтынур.

Япэхэми хуэдэу, республикэм дигъэкIын хуейуэ къыпэщытщ экологием пыщIа Iуэху щхьэхуэхэр. 2016 гъэм палатэм и пленарнэ зэIущIэхэм ящыщ зыр абы теухуауэ щытащ, дызэрыт илъэсым экологием и щытыкIэм теухуа кIэлъыплъыныгъэхэр едгъэкIуэкIынущ. КъБР-м и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщащи, «мыхьэнэшхуэ иIэщ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным теухуа законодательствэр егъэфIэкIуэным, мащIэ дыдэ хъуа къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ хъумэным хуэдэ Iуэхухэр дэгъэкIыным цIыхубэр къыхэшэным».

Республикэм и Iэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэуващ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр зэлъыта къалэн нэхъыщхьэхэр: бюджет IэнатIэм хиубыдэ IуэхущIапIэхэм Iутхэм я лэжьапIщIэр зэкIэлъыкIуэу хэгъэхъуэныр, никъуэдыкъуэхэм IэщIагъэ егъэгъуэтынымрэ ахэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм тыншыпIэхэр къахузэгъэпэщыныр, сабий зеиншэхэм папщIэ псэупIэхэр ухуэныр, нэхъ хуэмыщIахэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етыныр.

Иджыпсту апхуэдэу гулъытэшхуэ зыхуэфащэ Iуэхухэм ящыщщ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэгъэкIыным сатум пымыщIа организацэхэр къыхэшэныр, бюджет ахъшэ къэгъэсэбэпынымкIэ абыхэм зыхуеину Iэмалхэр къахузэгъэпэщыныр. Абы ипкъ иткIэ Правительствэмрэ Парламентымрэ хуагъэуващ «сатум пымыщIа IуэхущIапIэхэм я лэжьэкIэмкIэ хабзэ мардэхэр зэтегъэувэныр зэфIагъэкIыну, къэралым и унафэм щIэмыт IэнатIэхэм зегъэужьынымкIэ зыхуеину Iэмалхэр яубзыхуну». Къыхэзгъэщыну сыхуейщ республикэм и Жылагъуэ палатэм а лэжьыгъэр иригъэжьауэ зэрыригъэкIуэкIыр. Мы илъэсым кърииубыдэу ди деж щылэжьэнущ сатум пымыщIа, социальнэ унэтIыныгъэ зиIэ организацэхэм я Кавказ Ищхъэрэ ресурс центр икIи абы сатум пымыщIа организацэхэм методикэ, информацэ дэIэпыкъуныгъэ, чэнджэщхэр яритынущ.

КIуэкIуэ Юрий гулъытэ хэха хуищIащ къэрал управленэр егъэфIэкIуэным, къэрал властым и органхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным. Абы къыхигъэщхьэхукIащ «гъэзэщIакIуэ властым и органхэм я лэжьэкIэм кIэлъыплъын папщIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм полномочие инхэр езыт законхэмрэ адрей хабзэ мардэхэмрэ республикэм зэрыщызэтеувар», икIи КъБР-м и Жылагъуэ палатэр, Урысейпсо цIыхубэ фронтым и щIыналъэ къудамэр, властым и органхэмрэ сатум пымыщIа организацэхэмрэ я деж щыIэ советхэр республикэм и нобэрей гъащIэм нэхъ жыджэру къызэрыхыхьар. Сэ нэгъэсауэ сыакъылэгъущ «республикэм исхэм я граждан жыджэрагъым иужьрей зэманым зэрыхэхъуам, ахэр управленэм пыщIа Iуэхухэм нэхъ елэжь зэрыхъуам властымрэ жылагъуэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр адэкIи зэригъэбыдэнум» теухуауэ КъБР-м и Iэтащхьэм жиIахэмкIэ. Властым и IэнатIэ псоми я органхэмрэ граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэмрэ быдэу зэпыщIауэ зэдэлажьэмэщ дэ ди пащхьэм къиувэ къалэн псори щыдэдгъэкIыфынур.

## Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ Урысейм и щIыналъиплIым, дэзхэм я III щIымахуэ Дунейпсо джэгухэм я мафIэр щыщIагъэнэнухэм

Спорт зэпеуэшхуэм и мафIэр зы зэманым ирихьэлIэу щыщIагъэнэнущ Урысейм хыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Мурманск, Сахалин, Челябинск областхэм. МафIэр зыхьынухэм псори зэхэту километр 2017-рэ зэпачыну къапэщытщ.

Эстафетэр Москва къалэм мазаем и 23-м - Хэкум и хъумакIуэм и махуэм - щиухынущ. Кремлым щекIуэкIыну махуэшхуэ концертым къэралым и щIыпIиплIым къыщежьа мафIэ псори щызэхыхьэжынурэ, абыкIэ щIагъэнэнущ дзэхэм я III щIымахуэ Дунейпсо джэгухэу Сочэ къалэм щекIуэкIынум и мафIэр.

Джэгухэм спорт лIэужьыгъуиблкIэ щызэпеуэнущ - биатлон, лыжэкIэ къызэдэжэн, бгы-лыжэ спорт, ски-альпинизм, шорт-трек, къуршым дэкIын, картэкIэ къыхуагъэлъэгъуа щIыпIэр лыжэм тету къэгъуэтын. Зэпеуэхэр иухынущ мазаем и 28-м.

⊛ Ди къуэш республикэхэм

### ЖыггъэкIхэм зыщIагъакъуэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и къалащхьэм къегъэщIылIа щIыхэр жыг щыбгъэкIынымкIэ хъарзынэщ. А Iуэхум гупыж хуэзыщIхэм зыщIагъэкъуэну я мураду Мейкъуапэ къалэ администрацэм зэIущIэ щекIуэкIащ мэкъумэш-фермер IэнатIэхэм я унафэщIхэр хэту.***

МЕЙКЪУАПЭ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Мэхъуэш Рашид зэрыжиIамкIэ, жыгхэр хэсэным, ахэр зехьэным трагъэкIуадэм щыщ Iыхьэ гуэркIэ зыщIагъэкъуэну Iэмал яIэщ Адыгейм и мэкъумэш IэнатIэм зегъэужьыным теухуауэ республикэм щагъэбелджыла Iуэхухэм япкъ иту. Нэгъабэ зы гектарым хуэзэу иратыр сом 20764-м щхьэдэх хъунутэкъым. 2017 гъэм ахъшэу иратынур зыхуэдизынур зэкIэ наIуэкъым. ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ жыг хадэм зратмэ, Мейкъуапэ къалэм и экономикэм зегъэужьынымкIэ Iэмалыфlу зэрыщытыр.

### Сом мелуан 736-м щIигъу хухах

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм узыншагъэр хъумэным и IуэхущIапIэхэр ухуэным, щыIэхэр зыхуей хуэгъэзэным трагъэкIуэдэну ахъшэр зратыну хэгъуэгуитхум язщ мы республикэр. Ар къыщыгъэлъэгъуащ УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий Iэ зыщIидза унафэм.***

А УНАФЭМ ипкъ иткIэ сом меларди 2,184-рэ яIэрыхьэнущ Дагъыстэн, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн, Осетие-Ищхъэрэ Алание республикэхэм, Ставрополь краймэ. Абы щыщу сом мелуан 736,482-р - Къэрэшей-Шэрджэсым. Ар трагъэкIуэдэнущ Черкесск щауххуэну медицинэ IуэхущIапIитIым - лыших узыфэхэмкIэ диспансерымрэ республикэм и сабий сымаджэщымрэ. Мы ухуэныгъэхэр дызэрыт илъэсым и кIэм яухыну я гугъэщ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**




# Идар Темрыкъуэ и къуэ Мамсрыкъуэ (Черкасский) (1524 - 1601)

**Мамсрыкъуэ Къэбэрдейм и пщы уэлий Идар Темрыкъуэ и къуэ нэхъыжьт, урыс пащтыхь гуащэ Гуащэнэ (Марие) и дэлъхут. И теплъэкIэ лIышхуэт, Iэчлъэчт, къызэрымыкIуэ гуащIэшхуэ зыхэлът. Дзээзешэу, дипломату щытащ.**

ПАСЭРЕЙ адыгэ уэрэдыжьхэми урыс IуэрыIуатэми Идар Мамсрыкъуэ къыхощыж урыс пащтыхь Грознэ Иван и щыкъу щауэ гъэфIэну, нэхъыфIу илъагъуу щытауэ.

1565 гъэм и гъэмахуэпэ мазэм адыгэ лIыкIуэ гупым я пашэ Мамсрыкъуэ япэу Москва кIуащ, пщIэшхуэ къыхуищIу пащтыхьым иригъэблэгъащ. МазищкIэ къалащхьэм дэса нэужь, Темрыкъуэ и къуэм хэкум къигъэзэжащ Грознэ Иван и унафэкIэ гъусэ къыхуащIа шабзауэ къэзакъыдзэр дэщIыгъуу.

Адыл-Джэрий кърым хъаныкъуэм имыгъэпсэу кIахэ адыгэхэм къащхьэщыжа Идар Темрыкъуэ зи пашэ къэбэрдей шуудзэм хэту Мамсрыкъуэ 1570 гъэм IэфIыпс псыежэхым деж щызэуащ. Зэхэуэ гуащIэм Темрыкъуэ зэрылIыкIыну уIэгъэхэр къыщытехуащ, абы и къуэхэу Мамсрыкъуэрэ Думэныкъуэрэ гъэру яубыдащ.

Урыс пащтыхь Грознэ Иван кърым хъан Долэт Джэрий дригъэкIуэкIа дипломат зэпсэлъэныгъэхэр кIыхьлIыхь хъуащ, ауэ, дауэ ищIми, и щыкъу щIалэр гъэрыпIэм къришыжащ.

1583 гъэм къэбэрдей шуудзэм (гребенскэ, тэрч къэзакъхэр къахэту) и пашэу Идар Мамсрыкъуэ текIуащ КавказщIыбым къыдэкIауэ къакIуэ, Къэбэрдейм блэкIыу Кърымым кIуэну зи мурад тырку дзээзешэ Уэсмэнпэщэ.

1600 (1601) гъэм адыгэпщ Идар Темрыкъуэ и къуэхэу Думэныкъуэрэ Мамсрыкъуэрэ ПщыIэпщокъуэ Къазий иригъэблэгъащ, мамырыгъэ зэращIылIэнымкIэ зэпсэлъэну къигъэгугъэри. Ауэ ар и псалъэм епцIыжри пщы щIалитIыр гъэру иубыдащ, иужькIэ ахэр яукIыну унафэ ищIащ.

Идар Мамсрыкъуэ къуихрэ пхъуитIрэ иIащ.

● ЗэIущIэхэр



# НыбжьыщIэхэм ящыщу хабзэм ебакъуэхэр нэхъ мащIэ мэхъу

**КъБР-м Егъэджэныгъэмкiэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министерствэм щекIуэкIащ балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкiэ КъБР-м и Правительствэм деж щыIэ комиссэм и зи чэзу зэхуэс. Ар теухуауэ щытащ илъэс кIуам зэфIагъэкIар къэпщытэжынымрэ 2017 гъэм зэлэжьынухэр убзыхунымрэ.**

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министр **Емуз Нинэ** иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ Сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ уполномоченнэ **Iуэгъуз Светланэ**, КъБР-м и Прокуратурэм и лэжьакIуэ **Абазэ Тимур**, балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкiэ полицэм и щIыналъэ уполномоченнэхэмрэ къудамэхэмрэ я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ КъБР-м и МВД-м и къудамэм и унафэщI **Ащхъуэт Аслъэн** сымэ.

Илъэс кIуам комиссэм зэфIиха лэжьыгъэр къызэщIикъуэжу зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI **Мокаев Ашэмэз**. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, учётым щытщ ныбжьыщIэ 211-рэ, гугъуехь зыпэщIэхуахэм пэмылъэщ унагъуэ 254-рэ. Нэгъабэ унагъуэ 107-м я Iуэхухэр нэхъыфI хъужати, комиссэм и нэIэ щIэтым я бжыгъэм хагъэкIыжащ. 2016 гъэм къриубыдэу лэжьакIуэ гупыр хэплъащ зэрызыкъыхуагъэза тхылъ 234-м, адэ-анэ хьэкъыр зэрамыгъэзащIэм теухуа протокол минитIым нэблагъэ зэхагъэуващ.

Къапщтэмэ, хабзэм ебакъуэ сабийхэм я бжыгъэр республикэм нэхъ мащIэ зэрыщыхъуар щыжаIащ зэIущIэм, ауэ абы къыдэкIуэуи гу лъатащ дыгъуэхэр нэхъыбэ зэрыхъуам. 2015 гъэм елъытауэ процент 70-кIэ хэхъуащ ныбжьыщIэхэм хуэгъэзауэ хабзэм къемызэгъыу ялэжьам и бжыгъэри. Мокаев Ашэмэз къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ гугъуехь хэхуа сабийхэм ядэIэпыкъун мурадкIэ телефон зэрыщыIэр (8-800-2000-122). Урысейм зэхуэдэу къыщагъэсэбэп а номерым нэгъабэ ди щIыналъэм щыщ цIыху 450-рэ псэлъащ, нэхъыбэм я гукъеуэр адэ-анэмрэ бынымрэ я зэхущытыкIэмрэ ныбжьыщIэхэм яку залымыгъэ къыщыдэхуэ къызэрыхъумрэщ.

ЗэIущIэм щыжаIам щыщт унагъуэ хуэмыщIахэм къыщыхъу ныбжьыщIэхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр купщIафIэу къызэгъэпэщынымрэ ахэр Iуэху щхьэпэхэм дегъэхьэхынымрэ теухуауэ зэфIагъэкIахэри, еджапIэхэм щылажьэ психологхэм я семинархэр зэрырагъэкIуэкIари, нэгъуэщIхэри.

Зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэм зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Ульбашев Ислъам**, егъэджэныгъэмкIэ Бахъсэн къалэ департаментым и унафэщI **Борэн Маринэ**, Прохладнэ районым и администрацэм и Iуэхухэр зезыгъакIуэ **Матросов Алексей** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Iуэгъуз Светланэ жиIащ зи гугъу ящIахэм зи Iуэху хэлъ IэнатIэхэр зэрызэкъуэмыувэр лэжьыгъэр ягъэкIуэтэным зэран зэрыхуэхъур. Гулъытэншэу къэна Iуэхугъуэхэм абы хибжащ балигъ мыхъуахэм щхьэхуэу зэрыдэлажьэ программэ хэха иджыри къэс зэрыщымыIэри. Абы ипкъ иткIэ район щIыналъэ комиссэхэм я лIыкIуэхэм чэнджэщ иратащ зи гугъу ящIар къызэщIэзыубыдэ Iуэхухэр яубзыхуну, учётым щыт унагъуэ хуэмыщIахэмрэ апхуэдэхэм къыщыхъу сабийхэмрэ зэрадэлажьэ щIыкIэр ирагъэфIэкIуэну.

**БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.**

# Нобэ Урысей щIэныгъэм и махуэщ

## ЦIыху гъащIэр тынш ещI, ирегъэфIакIуэ

**КъызэригъэщIрэ цIыхур набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ щыпсэу дунейм и зэхэлъыкIэм. Къэзыухъуреихьым апхуэдэ хьэлэмэтагъ зэрыхуиIэмрэ и псэукIэр егъэфIэкIуэным дапщэщи зэрелIалIэмрэ ар хуагъэушащ зыхимыщIыкI Iуэхугъуэхэм ятеухуа щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ерыщу къэугъуеиным. Нэхъ акъылыфIэхэм, жанхэм, жыджэрхэм зэфIах апхуэдэ Iуэхугъуэхэм цIыхубэм Iэмал къаритащ я гъащIэр нэхъ тынш ящIыну, узыншагъэр яхъумэну, зэманымрэ къарумрэ къыдагъахуэу нэгъуэщI Iуэхухэм хухахыну.**

ЩIЭНЫГЪЭЩIЭ бэм папщIэ къэугъуеиным зи гуащIэр хуэгъэпса IэщIагъэлIхэм я махуэшхуэщ нобэ ди къэралым щагъэлъапIэр - Урысей щIэныгъэм и махуэр. Къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм ар нэгъуэщI махуэхэм щаIэтми, псори зыхуэгъэпсар зыщ: гъащIэр ипэкIэ зыгъэкIуатэ, ар езыгъэфIакIуэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэфIэзых щIэныгъэлIхэр гъэпэжэнырщ, яхуэфэщэн къэрал гулъытэ егъэгъуэтынырщ, лъэпкъ щIэныгъэм адэкIи зегъэужьынырщ.

Европей псэукIэм и мардэхэм ящыщ куэд ди Хэкум къизыхьа, ар зыужьыныгъэм и гъуэгум тезыша урысей пащтыхь Пётр Езанэм 1724 гъэм мазаем и 8-м Iэ тридзащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академие (РАН) къэралым къызэрыщызэрагъэпэщым теухуа унафэм. 1999 гъэм, РАН-р илъэс 275-рэ щрикъум ирихьэлIэу, Урысей Федерацэм и Президентым Унафэ щхьэхуэ къыдигъэкIащ мазаем и 8-р Урысей щIэныгъэм и махуэу гъэлъэпIэным ехьэлIауэ.

Тхыдэ гъуэгуанэ хьэлэмэт икIи купщIафIэ къикIуащ РАН-м. 1747 гъэм къащта Уставым ипкъ иткIэ абы еджэ хъуащ ЩIэныгъэхэмрэ художествэхэмкIэ имперскэ академиекIэ. ИужькIи Академием и цIэм зыбжанэрэ зихъуэжащ. 1803 гъэм абы зэреджэр Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и имперскэ академиет, 1836 гъэм - ЩIэныгъэхэм я Санкт-Петербург академиет. Абы хэтт ЩIэныгъэхэмкIэ академие университет, академие гимназие, физикэмкIэ, географиемкIэ, химиемкIэ къудамэхэр. 1839 гъэм лэжьэн щIидзауэ щытащ Пулковэ обсерваторэм. ЩIэныгъэм и унэтIыныгъэ зыбжанэмкIэ тхылъ куэд дунейм къытехьауэ щытащ а зэманым. Абыхэм ярыт статьяхэр я къалэмыпэм къыщIэкIырт щIэныгъэлI щэджащэхэу Ломоносовым, Эйлер, Струве, Востоковым, Бутлеровым, Павловым, нэгъуэщI еджагъэшхуэхэми. РАН-м хэтт нэгъуэщI къэралхэм я щIэныгъэлIхэри, псалъэм папщIэ, абы и действительнэ членхэт Вольф, Вальтер, Дидро, Франклин, Гёте, Дарвин, нэгъуэщIхэри.

1917 гъэм ирихьэлIэу академием хъарзынэу зиужьат. Абы хэтт действительнэ члену цIыху 49-рэ. КъыщызэIуахагъащIэм щыгъуэ абы хэтыр цIыху 17 къудейт зэрыхъур. Апхуэдэу РАН-м иIэт лабораторэ зэмылIэужьыгъуэу 5, обсерваторэ зыбжанэ, музейхэр, щIэныгъэ лэжьакIуэу цIыхуи 109-рэ. РАН-м и цIэм аргуэру зихъуэжащ: ар СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академие хъуауэ щытащ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм ди къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм яжь щIихуащ Академиеми. 1991 гъэм абы фIащащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академие (РАН). Нобэ абы хэтщ действительнэ члену, член-корреспонденту щэ бжыгъэхэр, хамэ къэралхэм я еджагъэшхуэ куэд. Абы нобэ щызэфIах естественнэ, жылагъуэ щIэныгъэхэм япыщIа, дунейпсо мардэм къитIасэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ инхэр.

И къалэнхэми, зэрызэхэт Iыхьэхэми, щызэфIах лэжьыгъэми куэдрэ захъуэжа пэтми, абы ноби щокIуэкI апхуэдэ Iуэхугъуэхэр. Къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а щIэныгъэ IэнатIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIащ 2013 гъэм и фокIадэм къызэрагъэпэщауэ щыта ФАНО-м (ЩIэныгъэ зэгухьэныгъэхэм я федеральнэ агентствэ) и лэжьыгъэр. Абы къызэрыхилъхьамкIэ, къэралым и щIыналъэхэм щылажьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт зэмылIэужьыгъуэхэр зы щIэныгъэ центр иным и дамэм щIэгъэувэн хуейщ. Институтхэр езыхэр зэхадзынущ я лэжьэкIэм и фIагъым елъытауэ, абыхэм я унафэщIхэри я къулыкъум пэрытыну зэрыхуитыр я ныбжьыр илъэс 65-рэ хъуху-кIэщ. А псори къэгъэнауэ, зы унафэм щIагъэувэр зы унэтIыныгъэм елэжь институтхэм я закъуэкъым, атIэ, къапщтэмэ, физикхэри, биологхэри, гуманитар къэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкIхэри, мэкъумэшым пыщIахэм елэжьхэри - псори зы унафэм щIэтынущ.

ЩIэныгъэр дапщэщи щытщ икIи щытынущ къэралпсо зыужьыныгъэм и джэлэсу, абы и IэнатIэ нэхъыщхьэу, сыту жыпIэмэ щIэныгъэ куумрэ цIыху зэчиймрэщ дэтхэнэ къэралри къарууфIэ зыщIыр. Аращ ди къэралым дунейпсо пщIэрэ щIыхьрэ къыхуэзыхьыфыну хэкIыпIэхэри. ЩIэныгъэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмкIэ Урысей Федерацэр зызыужьа щIыналъэхэм халъытэ.

КъэхутэныгъэщIэхэр зи плъапIэ ди лъэпкъ щIэныгъэлIхэу зи махуэшхуэр къэблэгъахэм республикэр, Хэку псор ипэкIэ зыгъэкIуэтэн лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ нэхъ къулеиж хъуну, яхуэфэщэн къэрал гулъытэ ягъуэтыну, гъунэ зимыIэ щIэныгъэм и щыгу дэкIуеифын куэд къахэкIыну ди гуапэщ.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

**Лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI еджагъэшхуэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Президумым, КъБР-м и Правительствэм я щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэща БищIо Борис Чэмал и къуэр.**

● ДифI догъэлъапIэ

# Зи IэнатIэм хуэпэж БищIо Борис



ФИЛОЛОГИЕ щIэныгъэхэм я доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI БищIом и къалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр, зэреджэ программэхэмрэ пособиехэмрэ. Лъэпкъ щIэныгъэлI щыпкъэм и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 65-рэ ирикъуащ.

БищIо Борис Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм 1952 гъэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт еджапIэр хъарзынэу къиуха нэужь, 1970 - 1972 гъэхэм къулыкъу щищIащ советыдзэм. ЩIыхь зыпылъ а къалэныр екIуу зэфIэзыха адыгэ щIалэм къигъэзэжащ щалъхуа щIыналъэм икIи бгъэдэлъ щIэныгъэм хигъэхъуэну мурад ищIащ. Лъэпкъыбзэм, тхыдэм, щэнхабзэм дахьэх Борис щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ щрагъэдж и къудамэм. Студент илъэсхэр Борис хьэлэмэту, купщIафIэу ирихьэкIащ. ФIыуэ зэреджэм къыдэкIуэу, ар жыджэру хэтт университетым щекIуэкI студент щIэныгъэ зэхыхьэхэм. А лъэхъэнэм ирохьэлIэ абы и япэ къэхутэныгъэхэр.

Къыхиха IэщIагъэмкIэ 1977 гъэм БищIом щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтащ, арщхьэкIэ ар щIэхъуэпсырт и зэфIэкIхэм адэкIи хигъэхъуэну. А гуращэр абы къехъулIащ мыгувэу: ар ягъэкIуащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием БзэщIэныгъэмкIэ и институтым и аспирантурэм. А илъэсхэм мыхьэнэшхуэ яIащ щIалэщIэм и дежкIэ. Ар гупсэхуу щIэдэIуащ къэралпсо, дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ щIэныгъэлIхэм я лекцэхэм, кууэ щIэджыкIащ и IэщIагъэм теухуа литературэм. Москва щыщеджа илъэсхэм Борис игъэхьэзыращ зэгъэпщэныгъэм деж причастием адыгэбзэм щигъэзащIэ мыхьэнэм теухуа и къэхутэныгъэ лэжьыгъэр. 1984 гъэм ехъулIэныгъэкIэ ар пхигъэкIащ БищIом икIи филологие щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

БзэщIэныгъэм и Iыхьэхэу грамматикэ (морфологиемрэ псалъэ къэхъукIэмрэ), фразеологие, лексикографие (псалъалъэхэр), нэгъуэщIхэми ятеухуа къэхутэныгъэ куэд зэфIихащ БищIом. А унэтIыныгъэхэмкIэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIыр илъэс 20-м нэсауэ и пашэщ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ ди щIыналъэ институтым и адыгэбзэ къудамэм.

БищIо Борис и къалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 150-м щIигъу. Апхуэдэхэм яхэтщ монографие щхьэхуэри, къэхутэныгъэ хэхахэм ятеухуахэри, нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщщ «Зэгъэпщэныгъэм и деж причастиер адыгэбзэм къызэрыщыгъэлъэгъуар» (Налшык, 1992), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и грамматикэмрэ лексико-фразеологиемрэ» (Налшык, 2005). Зи цIэ къитIуа иужьрей къэхутэныгъэр и лъабжьэу БищIом 2006 гъэм утыку кърихьащ и доктор диссертацэр. ЩIэныгъэ дунейм щIэупщIэшхуэ щызиIа а лэжьыгъэр ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием БзэщIэныгъэмкIэ и институтым ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ абы икIи филологие щIэныгъэхэм я доктор цIэр къыфIащащ.

БищIом хэлъхьэныгъэшхуэ зыхуищI унэтIыныгъэхэм ящыщщ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и лексиографиер. Ар яхэтащ «Адыгэбзэ псалъалъэр» (Москва, 1999) зыгъэхьэзыра икIи къыдэзыгъэкIа щIэныгъэлI гупым.

- Апхуэдэ псалъалъэ ди анэдэлъхубзэм хуэзэхэлъхьэным ди институтыр иужь ихьауэ щытащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм я кIэуххэм. Лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а лэжьыгъэм и пэублэ редакцэм хэтащ филологие щIэныгъэхэм я докторхэу Апажэ Мухьэмэд, Балъкъэр Хьэзешэ, Багъы Пётр, Джаурджий Хьэтыкъэ, Тау Хьэзешэ сымэ, нэгъуэщIхэри, - жеIэ БищIом. - Псалъалъэр тхылъу къыдэгъэкIыным щыхуагъэхьэзыр зэманыр ирихьэлIащ къэралым къыщыхъуауэ щыта экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэм икIи абы Iуэхур къызэтригъэувыIауэ щытащ.

ЩIэныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, псалъэ мин 31-м нэблагъэ зэрыхуа псалъалъэм и Iэрытхыр зыкъомкIэ зэрамыгъэзэхуэжу хъуакъым: абы хагъэкIащ псалъэ гуэрхэр, нэгъуэщIхэри щIэрыщIэу ягъэнэхуэжащ. Институтым и адыгэбзэ къудамэм и IэщIагъэлIхэм адэкIэ пащащ Iэрытхым елэжьыным, псалъалъэм псалъэу итым я бжыгъэм хэгъэхъуэным, ахэр грамматикэрэ стилрэ я лъэныкъуэкIэ гъэбелджылыным, псалъэр зыгъэнахуэ статья цIыкIухэм я теплъэмрэ ухуэкIэмрэ ирагъэфIакIуэу.

Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ зрахьэлIа «Адыгэбзэ псалъалъэр» Москва къыщыдэкIауэ щытащ. Абы и зэхэлъыкIэр убзыхунымкIэ ди лъэпкъ щIэныгъэлIхэм сэбэпышхуэ къахуэхъуауэ щытащ дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ академикхэр, щIэныгъэлIхэр. Иджырей ди анэдэлъхубзэм псалъэу иIэр къэгъэлъэгъуэныр, абыхэм я къэгъэсэбэпыкIэ тэмэмыр убзыхуныр зи къалэн «Адыгэбзэ псалъалъэр» адыгэбзэм и япэ псалъэгъэнахуэ тхылъ хъуащ икIи ар шэщIауэ къагъэсэбэп бзэм ирилажьэхэми, ар зыджхэми, адыгэбзэр зыIурылъхэм я нэхъыбэми.

БищIом и редакцэм щIэту 2013 гъэм къыдэкIа «ЕджапIэхэм папщIэ урыс-адыгэ псалъалъэ» инри хуабжьу къахуосэбэп, школакIуэхэм я мызакъуэу, курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм. Тхылъыр апхуэдэуи бзэм ирилажьэ IэщIагъэлIхэми яхуэщхьэпэщ.

Куэдым яфIэхьэлэмэтащ БищIом 2015 гъэм къыдигъэкIа «Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ» тхылъыр.

- Апхуэдэ псалъэгъэнахуэ япэ дыдэу къыдэдгъэкIауэ аращ. Ар нэхъыбэу зытещIыхьар жыы хъуа, бзэм хэкIуэдыкIыжу хуежьа псалъэхэм, къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я цIэхэм, нэгъуэщI куэдми ди нэхъыжьхэри къытщIэхъуэ щIэблэри нэхъыфIу щыгъэгъуэзэжынырщ, - къыхигъэщащ щIэныгъэлIым. - Псалъэ щхьэхуэхэм къадэкIуэу, псалъалъэм гулъытэ хэха щагъуэтащ ди анэдэлъхубзэр нэхъ дахэ, щIэщыгъуэ икIи шэрыуэ зыщI фразеологизмхэм - зэкIэщIэпч мыхъу псалъэ зэпхахэм. Бзэр къулей зыщI а Iэмалыр куэдрэ тIэщIоху адыгэбзэм ирипсалъэхэм.

А Iуэхугъуэхэм къадэкIуэу щIэныгъэлI щыпкъэр, хэкупсэ нэсыр йолэжь адыгэбзэм и алыфбеймрэ орфографиемрэ егъэфIэкIуэным, адыгеибзэмрэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ зэшэлIэным.

Алфавитыр, орфографиер, пунктуацэр зэхъуэкIыным и проектыр зыгъэхьэзырхэми яхэтщ БищIор. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лъэпкъхэм я бзэхэм ятеухуауэ» Хабзэр, Программэр зэхэзыгъэувахэм ящыщщи, щIэныгъэлI набдзэгубдзаплъэр кIэлъоплъ ахэр зэрагъэзащIэм, абыхэм ятеухуауи КъБР-м и Парламентым и утыку зыбжанэрэ къыщыпсэлъащ. Бзэм, лъэпкъым я къэкIуэнум тещIыхьауэ ар куэдрэ къыщопсалъэ къэралпсо, дунейпсо зэхыхьэхэми.

Адыгэбзэр курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщадж щIыкIэхэми егъэпIейтей Борис. 1990 гъэм къыщыщIэдзауэ ар яхэтщ 8-нэ, 9-нэ классхэм я учебникхэр къыдэзыгъэкI гупым. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и магистратурэм и студентхэм лингвистикэмкIэ лекцэхэм илъэс бжыгъэкIэ къахуеджащ. Борис КъБКъУ-ми АКъУ-ми доктор диссертацэ щыпхагъэкI я советхэм жыджэру хэтщ, абыхэм оппоненту къыщопсалъэ. ЩIэныгъэхэм я доктор БищIом и унафэм щIэту цIыху зыбжанэм ягъэхьэзыращ икIи ехъулIэныгъэкIэ пхагъэкIащ я кандидат диссертацэхэр. БзэщIэныгъэм дихьэх апхуэдэ аспирантхэр Борис ноби еунэтI.

ЗэфIих щIэныгъэ Iуэхухэр, иригъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр, студентхэмрэ аспирантхэмрэ зэрадэлажьэр - а псори хъуащ хэкупсэ нэсым и гъащIэм и Iыхьэ ин. Щалъхуа и хэкум, къызыхэкIа лъэпкъым хьэлэлу яхуэлажьэ цIыху щыпкъэм, щIэныгъэлI цIэрыIуэм зэфIигъэкI дэтхэнэ лэжьыгъэри щIыналъэм, лъэпкъым я зыужьыныгъэм хуэгъэпса хэлъхьэныгъэ инщ. Адыгэ лъэпкъым и ехъулIэныгъэм хуэунэтIауэ БищIо Борис иджыри лэжьыгъэ купщIафIэ куэд и къалэмыпэм къыпыкIыну, IуэхугъуэфI куэд зэфIихыну дыщогугъ. Апхуэдэ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ щIэныгъэлI цIэрыIуэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм, хэкупсэ нэсым дохъуэхъу Урысей щIэныгъэм и махуэшхуэмкIэ. Узыншэу иджыри куэдрэ лъэпкъым, къэралым яхуэлэжьэну ди гуапэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● ЦIыху щэджащэхэм я гупсысэхэр

## Лъэпкъым и къарур

ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхур щIэнгъуазэ пэлъытэщ.

**ГЁТЕ Иоганн.**

Лъэпкъым и къарур къызэралъытэр и цIыху бжыгъэкIэкъым, атIэ и цIыхухэм гъэсэныгъэрэ щIэныгъэу ябгъэдэлъырщ.

**ГЮГО Виктор.**

АкъылыфIэм и гупсысэхэр зэблож, акъылыншэм и щхьэр мэджэрэз.

**КЛЮЧЕВСКИЙ Василий.**

ЩIэныгъэ куумрэ цIыху зэчиймрэ дэтхэнэ къэралри къаруудфIэ зыщI, абы ехъулIэныгъэ къыхуэзыхь хэкIыпIэхэщ.

**БРЕЖНЕВ Леонид.**

ЩIэныгъэм хуэдэу цIыхур зыгъэлъапIэрэ абы хуитыныгъэ къезытрэ нэгъуэщI зыри щыIэкъым.

**ПИСАРЕВ Дмитрий.**

ЩIэныгъэм гъунэ иIэкъым: сыт хуэдиз ехъулIэныгъэ цIыхубэм абы щызыIэрагъэхьэми, къэкIуэну щIэблэхэм Iэмал яIэнущ абы и гъунапкъэщIэхэр къызэIуахыну.

**ГОНЧАРОВ Иван.**

ЦIыхур сыт щыгъуи щIэныгъэщIэхэм хуэпабгъэу щытын хуейщ. А хьэл-щэныр IэщIыб зыщIыр цIыху нэсуи къалъытэжыркъым.

**НАНСЕН Фритьоф.**

ЩIэныгъэ нэсыр пэжу, щызу, гурыIуэгъуэу икIи лъабжьэ быдэ иIэу щытын хуейщ.

**КОМЕНСКИЙ Ян.**

ЩIэныгъэ нэс къэугъуеиным гурыфIыгъуэ къезыт щIэблэ зыгъасэ егъэджакIуэм хуэмыфащэ фIыгъуэ щыIэкъым.

**ХАББАРД Элберт.**

● Псалъэжьхэр

## Акъылым уасэ иIэкъым

- ♦**Акъыл зиIэр еджэнкIэ ирикъуркъым.**
- ♦**Акъылыр былымщ.**
- ♦**Акъылым и анэр гупсысэщ.**
- ♦**Акъылым и лъапсэр чэнджэщщ.**
- ♦**Акъылыр ландыщэщ, гъэсэныгъэр дыщэ жыгщ.**
- ♦**Акъылым уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм гъунэ иIэкъым.**

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

**● Тхыгъэмрэ ар зеймрэ ятеухуауэ**

# Плъыфэ зэмыфэгъухэм ирогъуазэ

***Иджырей тырку тхакIуэхэм я нэхъ цIэрыIуэ Памук Орхьэн и Iэдакъэ къыщIэкIауэ иджыблагъэ (2016 гъэм и кIэм) дунейм къытехьащ «Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ» романыщIэр.***

***Истамбыл щыпсэу адыгэ унагъуэ хуэщIам къыщалъхуа Памук Орхьэн Тыркум цIэрыIуэ щыхъуащ, 1982 гъэм «Джэудэт-бейрэ и къуэхэмрэ» зыфIища и тхыгъэшхуэр къытрадза нэужь. Илъэсипщl нэхъ дэмыкIыу Памук и цIэр Европэми США-ми къыщащIащ. 2006 гъэм тхакIуэ щIалэм Нобель и саугъэтыр къыхуагъэфэщащ. А зэманым ирихьэлIэу Орхьэн утыкуакIуэ хъуат, дэнэкIэ къыщыпсалъэми щыжиIэрт ермэлыхэм я щхьэ кърикIуа лъэпкъ гъэкIуэдыр Тыркум къилъытэн зэрыхуейр. Абы къыхэкIыуи, къэрал властыр тхакIуэм къызэрыхущытыр хэпщIыкIыу екIэкIуащ.***

***Памук и романхэр я нэхъыбапIэкIэ зытеухуар къухьэпIэ къэралхэм къыщыунэху цIыху зэхэтыкIэхэр Тыркур игъащIэ лъандэрэ зрикIуэ пасэрей хабзэхэм зэрыхэпщIэмрэ хэмызагъэу IэщIыб ищIхэмрэщ. Ар къыщыхъукIэ тхакIуэм гу зылъитэ зэхъуэкIыныгъэхэм щыщIэнакIэ и тхыгъэхэм къыхигъахуэми, абы и романхэр хэкупсэ нэскIэ гъэнщIащ. Егугъупэу икIи набдзэгубдзаплъэу тырку лъэпкъми, щыпсэу къэралми я тхыдэр иджурэ, Памук «урбанист роман» жанрыр нишэсыфащ къызэрымыкIуэ лирикэ хьэлэмэтым. Абы и тхыгъэхэр зэрытха бзэм и дахагъым Тырку къэралыр дыгъэ згъэу-пIэрэ бзэзр кIуапIэу фIэкIа зымыщIа цIыху куэд иришэжьащ Истамбыл зэ нэхъ мыхъуми зрагъэлъагъуну хуейуэ.***

***Памук Орхьэн и гуащIэм щыгъуазэ тхылъеджэхэм фIыуэ ящIэ ар плъыфэ зэмыфэгъухэм иригъуазэ тхакIуэ-сурэтыщIу зэрыщытыр, плъыфэбэ псалъэхэмкIэ теплъэгъуэ хьэлэмэтхэр къызэригъэщIыр, а Iэмалыр къигъэсэбэпурэ езым фIэкIа нэгъуэщIым имылъэгъуа дуней телъыджэм узэрытришэр. ТхакIуэр жур-***



Памук Орхьэн
*(1952 гъэм къалъхуащ)*

***налистхэм псэлъэгъу щахуэхъукIэ, нэхъыбэу кърат упщIэри аращ зытеухуар: «КъыкIэлъыкIуэ уи романым сыт и плъыфэу щытынур?»***

***Пэж дыдэу, абы и тхыгъэшхуэу цIэрыIуэ хъуахэм къыщыхъу теплъэгъуэхэм я щIыбагъ къыдэтыр (театрым деж декорацэ жыхуэтIэм хуэдэр) плъыфэ щхьэхуэкIэ къыхэгъэбелджылыкIащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ абы дрешалIэ зи гугъу ищI Iуэхугъуэ нэхъыщхьэм щIилъхьа гупсысэм. Уеблэмэ, Орхьэн языныкъуэ и романхэм я фIэщыгъэцIэ къудеймкIи ар къыбгурыIуэ. Псалъэм папщIэ, «Тхылъ фIыцIэ», «Си цIэр - Плъыжьщ», «Хуэмым и унэ», «Уэс», «БыдапIэ хужь».***

***Иджы абы я сатырхэм къахэуващ нобэ япэу «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ къитлъхьэ «Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ» романри. Ар и гъэпсыкIэкIи, и купщIэкIи Орхьэн и япэрей IэдакъэщIэкIхэм щыщу нэхъ зыпэгъунэгъур «Си цIэр - Плъыжьщ» романращ. ТIуми щэху гуэр лъабжьэ яхуохъу, хъыбарыр лIыхъужь зыбжанэм я «жьэкIэ» къеIуатэ, фIэщыгъэцIэ хуищIамкIэ тхакIуэм къыджеIэ тхылъым и напэкIуэцIхэм Iэмал имыIэу лъы зэрыщыжэнур. Ауэ хэт илъ, сыт и щхьэусыгъуэ, хэт и ягъэ? - ахэр псори къыщыбгурыIуэнур, зэрыхабзэщи, романым и кIэм унэса нэужьщ.***

***Памук Орхьэн и Iэдакъэ-щIэкIхэм щыщу «Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ» романым фIэкIа умыцIыхуми, гурыIуэгъуэ пщохъу къызэрымыкIуэу купщIэ куу абы зэриIэр, къуэкIыпIэмрэ къухьэпIэмрэ я литературэ хабзэхэр хьэлэмэту зэрыщызэхэухуэнар. Къэжэр (перс) эпосым и лIыхъужьхэр Шекспир и пьесэхэм къыхохутэ, Библие хъыбаркIэ тцIыху персонажхэр пасэрей алыдж трагедиехэм щыдолъагъу. Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр, лъэрызекIуэ Моби Дик нэхъей, фIэкIыпIэ зимыIэ тезыру романым и лIыхъужь нэхъыщхьэм къыкIэлъекIухь. Софокл («Эдип»), Фирдоуси («Шахнаме») сымэ ятхыжа пасэрей хъыбарыжьхэр дигу къигъэкIыжурэ, тхакIуэм дрегъэгупсыс зэадэзэкъуэм я зэхущытыкIэхэмрэ а къуэпсхэр хьэлэмэту зэрызэбгрыкIымрэ, натIэм кърихтхар зэрыфIэкIыпIэншэмрэ абы тезырым узэрыщимыхъумэмрэ.***

**КЪЫП (Ныбэжь) Таисэ.**

ПАМУК ОРХЬЭН, НОБЕЛЬ САУГЪЭТЫМ И ЛАУРЕАТ

# Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ



1.

ПЭЖЫР жысIэмэ, сэ тхакIуэ сыхъуну сыхуеят. Ауэ си нэгу щIэкIа Iуэхугъуэу зи гугъу фхуэсщIыжынум иужькIэ инженер-геологрэ ухуакIуэрэ сыхъуащ. Си тхылъаджэхэм фимыгугъэ: си щхьэ кърикIуахэр къызэрысIуэтэжым щхьэкIэ а Iуэхугъуэхэр сэркIэ блэкIа жыжьэм къыхэнауэ. Уеблэмэ нэхъыбэ сигу къэзгъэкIыжыху, абы щыгъуэ къэхъуауэ щытахэм нэхъ кууу сыхохьэж. Сыщогугъ зэадэзэкъуэ зэхущытыкIэхэм къагъэщIа щIыхьэпIэ-щIэкIыпIэхэм я щэхухэм фэри си гъусэу фынызыдыхыхьэну.

1985 гъэм дэ Бешикташ и Iэгъуэблагъэхэм дыщыпсэурт, Бзииху хадэм пэмыжыжьэ унэ зэтетхэм ящыщ зым. Си адэм «Хьэйят» зыфIища уней хущхъуэ щапIэ цIыкIу игъэлажьэрт. Тхьэмахуэм зэ хущхъуэ щапIэр нэху щыху ди адэм игъэбыдэжыртэкъым, езыри къыщIэнэрти щIэст. Апхуэдэ пщыхьэщхьэхэм сэ абы гъуэмылэ хуэсхьырт. Сэ сфIэфIт хущхъуэмэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыщIэсшэу а тыкуэн цIыкIум зэманыр щызгъэкIуэну, дапхъэ къуагъым деж щыс си адэм - цIыхухъу зэкIуж щхьэпэлъагэм - и пщыхьэщхьэшхэр мыпIащIэу ишхыху. Ноби, илъэс щэщIым щIигъу дэкIами, си ныбжьыр илъэс 45-рэ хъуами, сэ япэми хуэдэу сфIэфIщ хущхъуэмэ къызыкIэрих пасэрей тыкуэн дапхъэхэр.

«Хьэйят» хущхъуэ щапIэм щэхуакIуэхэр и куэдтэкъым. Си адэр хэсу къыщынэ жэщхэм абы зэманыр игъакIуэрт къыздепхьэкI хъууэ а лъэхъэнэм къеджьагъащIэ телевизор цIыкIум еплъу. Зэзэмызэ сэ зэхэсхырт си адэр лъагъунлъагъу къыщIыхьа и ныбжьэгъу гуэрхэм макъ хуэмкIэ зэрепсалъэр. Сэ сыкъыщалъагъукIэ, абыхэм я псалъэмакъыр зэпагъэуртэ, сэ стеухуауэ зыгуэрхэр жаIэрт, къысщытхъурт, адэм хуэфащэ къуэ къызэрыщIэтаджэр къыхагъэщырт, си еджэным къыщIэупщIэрт: сыт хуэдэ классым сыкIуэми, еджапIэр фIыуэ слъагъуми, ар къэзухым сызыхуеджэну IэщIагъэри - псори ящIэну хуейт.

И ныбжьэгъухэр къыщыщIыхьэкIэ, си адэр пIейтей зэрыхъум гу лъыстэрти, зызмыгъэгувэу сыкъызэрыщIэкIыжыным сыхуэпIащIэрт, ар зэрышха фалъэхэр зэщIэскъуэжырти, унэм сыкIуэжырт, щIыб уэздыгъэхэм я лъапэ нэхум сыхэту къэрэгъэш жыгышхуэхэр зэгъэкIэкIа уэрамхэмкIэ. Сынэсыжа нэужь си анэм жесIэртэкъым адэм и тыкуэн цIыкIум и ныбжьэгъухэм ящыщ гуэр къызэрыщIыхьар. СщIэрт ар абы и гуапэ зэрымыхъунур, сыту жыпIэмэ, си анэр шынэрт абыхэм я зэранкIэ и щхьэгъусэр аргуэру Iуэху зэIумыбз гуэрхэм хэхуэнкIэ е зы щхьэусыгъуэ имыIэу аргуэру дыкъигъанэу ар ежьэжынкIэ.

А псом къыдэкIуэуи сэ къызгурыIуат си адэ-анэр псалъэмакъыншэу зэщызыгъэхьэр политикэ Iуэхухэм зэрамызакъуэр. А тIур зэман кIыхькIэ щызэмыпсалъэ къэхъурт, щIызэщыхьам и щхьэусыгъуэри мынэрылъагъуу. ФIыуэ зэрымылъагъужу арагъэнт. Сэ зыхэсщIэрт си адэр нэгъуэщI цIыхубзхэм зэрыдахьэхыр, цIыхубзхэри абы къызэрыхуэмыхейр. Хамэ бзылъхугъэ ар зэрыкIэлъыкIуэр къызгурыIуэну хуейти, си анэм зэхызигъэхым фIэфIт зэзэмызэ и макъым зригъэIэтурэ си адэм щепсалъэкIэ. Сэ хуабжьу къыстехьэлъэрт си адэ-анэм яку къыдэхъуэ псалъэмакъхэр, икIи, абы къыхэкIыу, сэ зыпэзубыдыжащ абыхэм сегупсысыныр.

Иужь дыдэу си адэр хущхъуэ щапIэм щIэту щыслъэгъуар бжьыхьэ пшыхьу абы гъуэмылэ щыхуэсхьарт. Сэ абы щыгъуэ лицейм и япэ классым сыщеджэрт. Зэрихабзэу, си адэр телевизор цIыкIум еплъу щыст. Тыкуэн дапхъэм и кIыхьагъкIэ щызэбгрыгъэувыкIа фалъэхэм зыхуейр кърихыу ар шхэуэ щысыху, сэ щэхуакIуэ зы-тIум Iуэхутхьэбзэ яхуэсщIащ, зылъыхъуэ хущхъуэхэр естри, и уасэу къызата ахъшэр кассэм илъхьащ. Унэм сыщыкIуэжым, сыкъызэплъэкIыжри си адэм сыIуплъащ - ар бжэщхьэIум тету къысхуэгуфIэрт сэлам къызихыжу и Iэр къысхуищIырт.

Пщэдджыжьым си адэр унэм къэкIуэжакъым. Ар къызжезыIар си анэращ, шэджагъуэ нэужьым еджапIэм сыкъикIыжауэ. Абы и напIэхэр къэпщат, куэдрэ зэрыгъар къапщIэу. Сэ къысщыхъуащ си адэр тыкуэн цIыкIум щIашу полицэ IуэхущIапIэм яшауэ, апхуэдэ япэм зэ къэхъуауэ щытати. Абы щыгъуэ си адэм хьэзабыр ирагъэшэчат ток зрикIуэ кIапсэхэмкIэ къеуэурэ, къищынэмыщIауэ фэлэкъэми[1] дагъэкIат...

Илъэсибл хуэдиз ипэкIэ си адэр зэ апхуэдэу кIуэдат, унэм къыщигъэзэжари илъэситI дэкIа нэужьщ. Ауэ мы зэм си анэм и зыщIыкIэр нэгъуэщIт: ар иджы си адэм хуэгузавэртэкъым, атIэ хузэгуэпырт. Абы и гугъу щищIкIэ, зэрыбампIэр нэрылъагъуу жиIэрт: «Езым ещIэж зэхищIыхьхэр!»

Абы ипэкIэ къэрал ухуэкIэр зауэлIхэм залымыгъэкIэ зэрахъуэкIа къудейуэ, си адэр тыкуэным щIашу щагъэтIысам щыгъуэ, си анэр куэдрэ пыхьэу щысат икIи зэпымыууэ жиIэрт си адэр хахуэу, сэ абыкIэ сыгушхуэн хуейуэ, провизор Мэжид и гъусэу хущхъуэ щапIэр игъэлажьэрт, дызыкъуэпсэукIын ахъшэ къэзыт IуэхущIапIэ тIэкIур си адэр къэкIуэжыху къимыгъэувыIэну хущIэкъуу. Сэри зэзэмызэ Мэжид и кIэпхын хужьыр зыIуспхэрти, абыхэм садэIэпыкъурт, провизор сыхъуну къысхуамыгъэлъагъуэ пэтми. Си адэм и хъуэпсапIэр сэ щIэныгъэлI сыхъунырт.

Ауэ иужьу си адэр щыбзэхам щыгъуэ си анэм хущхъуэ щапIэр къыфIэIуэхужакъым. Мэжиди, тыкуэным щIэта адрей дэIэпыкъуэгъухэми я гугъу ищIакъым, IуэхущIапIэр зэтриIыгъэнуи хуеякъым. Абы къыхэкIыу сэ сегупсысын хуей хъурт си адэр мы зэм «зытекIуэдар» нэгъуэщI щхьэусыгъуэу. Ауэ сытыт я мыхьэнэр лъабжьэншэ гупсысэхэм?

Си адэр пIалъэ кIыхькIэ кIуэдауэ къыщIэкIащ. Апхуэдизкlэ куэд дэкIати, абы и нэкIур си нэгу къысхущIэгъэхьэжыртэкъым. Уэздыгъэр напIэзыпIэкIэ ягъэункIыфIу щIагъэнэжа нэужь, уи нэхэм зыри ямылъагъужу зэрыхъум ещхь сыхъуауэ къысфIэщIырт апхуэдэм деж.

Пщыхьэщхьэ гуэрым, си закъуэу Бзииху хадэм хуэкIуэ уэрамым Iуэхуншэу срикIуэу, къэслъэгъуащ «Хьэйят» хущхъуэ щапIэм и бжэхэм IункIыбзэ къэбышхуэ етауэ. Абы иужькIэ куэд дэмыкIыу си анэм жиIащ дызэрыпсэун ахъшэ къызэрытхуэмынар. Си щхьэ IуэхукIэ сэ абы щыгъуэ ахъшэу згъэкIуэд щыIэтэкъым, зэзэмызэ кином сызэрыкIуэмрэ щIакхъуэ пIащIэ шыхьам лы тIэкIу дэлъу къызэрысщэхумрэ хыумыбжэмэ. Си еджапIэр Кабаташ хьэблэм щыIэти, абы лъэсу сыкIуэрт, сыкъэкIуэжырт. Языныкъуэ си ныбжьэгъухэм ко-



**Псыкъуий**. *Литографиер* **ПэтIуащIэ Феликс** *ищIащ. 1984 гъэ*

миксхэр зэрыт тхылъ цIыкIухэр къащэхурти, е ящыжырт, е пщIэ къыхыурэ ирагъэпщытырт. Ауэ сэ къызэрыкъым абыхэм хуэдэу зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм кинотеатрым къыщIэкIыжхэр згъэхъуу сыдэтыну.

1985 гъэм и гъэмахуэр сэ щызгъэкIуащ Бешикташ щыIэ бээзэрым тет «Дениз» тхылъ тыкуэн цIыкIум сыщылажьэу. Си къалэнхэм хыхьэрт тхылъ зыдыгъу сабийхэмрэ нэгъуэщI еджакIуэхэмрэ си нэIэ ятегъэтыныр. Зэзэмызэ тыкуэныр зей Дениз и гъусэу абы и машинэмкIэ дэ Чагалоглу дыкIуэрт тхылъ къэтшэну. Дениз гу лъитат тхылъыр зытхам и цIэри ар къыщыдагъэкIа тхылъ тедзапIэм и цIэри фIыуэ сигу зэризубыдэм, абы къыхэкIыуи пщIэ къысхуищIырт, унэм сыщеджэну тхылъ гуэрхэр къэсщтэнуи хуит сищIырт. А гъэм и гъэмахуэм сэ тхылъ куэд щIэзджыкIат: щIыпIэ жыжьэхэм зекIуэ щыIахэм ятхыжахэр, Жюль Верн, По Эдгар Аллан сымэ я IэдакъэщIэкIхэр, усэ тхылъхэр, уэсмэн пащтыхьхэм я тхыдэм теухуахэр, уеблэмэ пщIыхьэпIэхэм къарыкIхэр щызэхуэхьэса зы тхылъ цIыкIуи къыхэхуат абы щыгъуэ сызэджахэм. Мис а тхылъым ита зы тхыгъэ кIэщIым къыпэщыту къыщIэкIащ къэкIуэну си гъащIэр зэрыщыту зэрихъуэкIыныр.

Тыкуэным зэзэмызэ къыщIыхьэ и ныбжьэгъу тхакIуэхэм сакъыщригъэцIыхукIэ, Дениз абыхэм тхакIуэ сыхъуну яжриIэрт. ЗэрымыщIэкIэ къызжьэдэхури, сэ езым жесIат апхуэдэ хуэпсапIэ сызэрипIэр икIи абы лъандэрэ Дениз сытригъэгушхуэрти, сэ фIэщ хъужу хуежьэт тхакIуэ сызэрыхъунур.

2.

ТХЫЛЪ ЩАПIЭМ къыщызлэжь ахъшэр, нэхъ мащIэ дыдэрамэ, университетым ухуэзыгъэхьэзыр курсхэм срикIуэну срикъун хуейт. Си адэр къызэрытхэмысыжрэ анэмрэ сэрэ нэхъ зэпэгъунэгъу дыхъуат, ауэ тхакIуэ сыхъуну зэрытезухуар абы гушыIэ къудейуэ фIэкIа къыщыхъутэкъым, иридыхьэшхырти ежьэжырт.

Зэгуэрым, еджапIэм сыкъикIыжауэ, сэ гу лъыстащ адэ-анэм я пэшым щIэт сырэ къыдэгъэжхэмрэ пхъуантэхэмрэ си адэм и хьэпшыпхэр, джанэхэр зэрыдэмылъыжым. Ауэ и тутынымэмрэ дыхумэмрэ япэм хуэдэу пэшым щIэтт.

Лицейм и етIуанэ классыр къыщызуха гъэм и гъэмахуэм дэ Истамбыл дыдэкIри абы пэмыжыжьэ Гебзе къалэ цIыкIум дыIэпхъуащ. Дэ хуит дыкъащIат и уасэ щIэдмыту си анэ шыпхъум и щхьэгъусэм и унэм къыпащIыхьа пэш лейм дыщыпсэуну. Си анэ шыпхъум и лIым пщэрылъ къысщищIыну и гугъа лэжьыгъэм гъэмахуэм и пэщIэдзэхэм сыхуежьатэмэ, ахъшэ тIэкIу зэхуэсхьэсыну Iэмал згъуэтынут, итIанэ бадзэуэгъуэм и кIэхэм Бешикташ щыIэ «Дениз» тхылъ щапIэм си Iуэхур щыпысщэжыфынут, етIанэгъэ университетым сызэрыщIэтIысхьэнуми сыхуэзыгъэхьэзырыну курсхэми сыкIуэфынут. Тхылъ щапIэр зейми, Бешикташ дызэрыдэмысыжыр си жагъуэ зэрыхъур къыгурыIуати, къызжиIат сыхуейуэ щытмэ, гъэмахуэм тыкуэным жэщкIэ сыкъанэу сыщыIэну хуит сызэрищIыр.

Си анэ шыпхъум и щхьэгъусэм къысхуигъуэта лэжьыгъэр Гебзе и Iэгъуэблагъэм щыIэ балий, шэфтал жыг хадэмрэ губгъуэмрэ сигъэхъумэну арат. Хадэм ит пщыIэ никъуэмрэ абы щIэт Iэнэ цIыкIумрэ щыслъэгъуам, сэ си гугъат абдеж тхылъ сыщеджэу зэманыр згъэкIуэну Iэмал сиIэну, арщхьэкIэ сыщыуауэ къыщIэкIат. Балийр хъуати, къуаргъхэр жыг хадэм къеуэсат. КъищынэмыщIауэ, сабийхэмрэ хадэм пэмыжыжьэу щылажьэ ухуакIуэхэмрэ щIэхщIэхыурэ «къыттеуэрти», пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIхэмрэ ядыгъурт.

Ди гъунэгъу хадэм псыкъуий къыщатIырти, сэ абыкIэ зэзэмызэ сыкIуэрт белыр жыджэру зыгъэIэкIуэлъакIуэ псыкъуиитIымрэ абы и гъэсэнхэмрэ я лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр зэзгъэлъагъумэ, сфIэфIу. Гъэсэнхэм ятIэр зэрылъ пэгуныр хьэлъэ къызэраIэт IэмэпсымэмкIэ къыдрахьейрти, Iэрышэ гу цIыкIум иракIутэрт, щIалитIым языр, ныбжькIэ сэ схуэдэм, а гу цIыкIур Iуишырти иунэщIырт. АпщIондэху мыдрейм, тIэкIу нэхъыжьым икIи нэхъ щхьэпэлъагэм, пэгун нэщIыр мащэм ит псыкъуиитIым хуридзыхыжырт, «Къэубыд!» жиIэрти.

ПсыкъуиитIыр и щхьэм куэдрэ къыдэкIуеижыртэкъым. Япэу сэ ар щыслъэгъуар шэджагъуашхэм дежщ. Ар си адэм хуэдабзэт - лъагэт, къуэгъут, къекIут. Ауэ абы къыпкърыкIыртэкъым си адэм хэлъа гупсэхугъуэ-мамырагъым хуэдэ, и нэгури уфа зэпытт. ЩIэх-щIэхыурэ къэгубжьырти, дунейм тет хъуанэр и гъэсэнитIым ятритхъуэрт. Ар сэ зэрызэхэсхыр адрей тIум яфIэфIтэкъыми, сэ псыкъуий мащэм гъунэгъу зыхуэсщIыртэкъым, псыкъуиитIыр и щхьэм къыдэкIуеижауэ щыслъагъукIэ.

Зэгуэрым, гъэмахуэпэм икухэм хуэзэу, псыкъуийр къыщатI лъэныкъуэмкIэ гуфIэгъуэ зэрыхьзэрийрэ фочауэ макърэ къиIукIыу щызэхэсхым, къэхъуар зэзгъэщIэну сыкIуэтащ. ПсыкъуиитIхэм псы къагъуэтауэ къызэрищIэу, а щIы Iыхьэр зейр (ар езыр Ризэ щыщт) жэрыжькIэ къэсри, гуфIэщауэ фоч дригъэуейуэ арат. ПсыкъуиитIми абы и гъэсэнитIми я гугъуехьыпщIэм къищынэмыщIа, гуфIапщIи куэду яритащ абы. ЩIы Iыхьэр зейм и мурадт абдеж ухуэныгъэ гуэрхэр щригъэщIыну икIи псыкъуийр имыIэныр Iэмалыншэт, къалэм къикIыу псы зрикIуэ бжьамийхэр Гебзе и Iэгъуэблагъэм иджыри нэсатэкъыми.

КъэкIэлъыкIуэ махуэхэм сэ зэхэсхакъым псыкъуиитIыр и гъэсэнхэм ешхыдэу. Шыгу зэщIэщIакIэ абы цемент къэп зыбжанэр гъущIыкIэ зыкъомрэ къишащ, псыкъуий кIуэцIыр кърегъэжыкIри гъущI щхьэтепIи хуищIыжащ. Псори нэхъ нэжэгужэ къызэрыхъуам сытригъэгушхуати, сэ абыхэм нэхъ гъунэгъуу сабгъэдыхьэну мурад сщIащ.

- Мы лэжьыгъэр уигу ирихьауэ къысфIощI, щIалэ, - жиIащ Мыхьмуд-IэзэкIэ зэджэ псыкъуиитIым. - Сэ мыгувэу сежьэнущ Кучукчекмедже и Iэгъуэблагъэхэм псыкъуий къыщыстIыну. Си гъэсэнхэр абы нэкIуэнукъым. Ухуеймэ, дыгъакIуэ зэгъусэу.

ЖесIэнур сымыщIэу щтэIэщтаблэ сызэрыхъуам гу щылъитэм, абы къыщIигъуащ псыкъуий къэзытIым и дэIэпыкъуэгъур лэжьакIуэфIмэ, жыг хадэ хъумэм къилэжьым хуэдиплI къызэрыхэхъуэр. Апхуэдэу абы жиIащ махуипщI нэхъыбэ зы псыкъуий къэтIыным зэрыпымылъыр икIи щIэх къызэрызгъэзэжыфынур.

Си анэм зыри зэхихыну хуэмейуэ, зыщIыпIи сигъэкIуэн имыдэу къэуващ.

- ИгъащIэкIи сэ уэ ар пхуэздэнукъым! - жиIэрт си анэм. - Уэ университетым ущIэтIысхьэнурэ уеджэнущ!

Ауэ ахъшэ псынщIэу къысхэхъуэнкIэ зэрыхъунум теухуа гупсысэм псэхупIэ къызитыртэкъым. Сэ тезгъэчыныхьурэ жысIэрт гъэмахуэ мазитIым жыг хадэ схъумэу къэзлэжьыфынум хуэдиз тхьэмахуитI зэхуакум къэсхьу сыкъызэрыкIуэжынур, апхуэдэ щIыкIэкIи университетым зыхуэзгъэхьэзырыну зэмани Iэмали нэхъыбэу зэрызгъуэтынур. Уеблэмэ, си анэр тIэкIуи згъэшынэну сыхэтт:

- Арэзыныгъэ къызэпту сумыгъажьэмэ, умыщIэу сыкIуэсэнущ! - жесIэрт.

Си анэ шыпхъум и лIым жиIащ: «ЩIалэр лэжьэну хуеймэ, упэрымыуэ. МыдэкIэ сэ пхуэзгъэщIэнщ ар зи гъусэу ежьэну псыкъуиитIыр зыхуэдэ цIыхур».

Си унэкъуэщым и псалъэр иIыгъыжащ - абы и лэжьапIэ пэшым (ар езыр уэчылу лажьэрт) Мыхьмуд-Iэзэ иригъэблагъэри, си анэр щысу епсэлъащ. Ахэр зэгурыIуащ, псыкъуийр къыщытIтIкIэ, мащэм сэ зэи сримыгъэхыну. Апхуэдэуи ахэр си улахуэмкIэ зэгурыIуащ. Си унафэр щащIым, сэри сызэрежьэнум зыхуэзгъэхьэзыращ, джанитI-щырэ вакъэ зэхъуэкIрэ си адэм ейуэ щыта пхъуантэ цIыкIум дэслъхьащ.

А махуэм уэших къешхырт, дызэрежьэну шыгу зэщIэщIар куэдрэ къакIуэртэкъыми, си анэр щIегъуэжурэ тIэу-щэ къыхэпыхьыкIащ сригъэжьэну хуэмейуэ. ЗыщIыпIи сымыкIуэну къызэлъэIурт, егъэлеяуэ къысхуэзэшыну, ахъшэншагъэм къыхэкIыу дымыщIапхъэ тщIэуэ жиIэрт.

- Мамэ, тхьэ пхузоIуэ псыкъуий мащэм семыхыну, - жысIащ сэ, пхъуантэ цIыкIум и къур IитIкIэ скъузурэ, икIи унэм сыкъыщIэкIащ ди адэр ягъэтIысыну щыщIашым щыгъуэ и щхьэр Iэтауэ зэрыщIэкIам ещхьу.

Гущхьэ зытелъ шыгур мэжджытым и щIыбагъым къыдэт утым деж къыщыдэжьэрт. Мыхьмуд-Iэзэ егъэджакIуэ гумызагъэм хуэдэу набдзэгубдзаплъэу сыкъызэпиплъыхьащ, сызэрыхуэпами си пхъуантэ цIыкIуми къеплъащ.

- ИIэ, къитIысхьэ гум, дожьэ, - жиIащ абы.

Псыкъуийр къызыхуэтIтIыну Хъайри-бей и шыгухумрэ Мыхьмуд-Iэзэрэ я кум сыдэтIысхьащ. Япэ сыхьэтым зыми зыри жимыIэу, псори дыщыму дыкIуащ. Босфор псыдэжыпIэм телъ лъэмыжым дыщикIым, сэ тIэкIу зыкъытесIэтыкIат сэмэгурабгъумкIэ сеплъыхыу Кабаташ щыIэ си еджапIэмрэ Бешикташ дэт си нэIуасэ унэхэмрэ къахэслъагъукIыну сыхуейуэ.

- Умыгузавэ, а дыздэкIуэм дэ куэдрэ дыщыгувэнукъым, - жиIащ Мыхьмуд-Iэзэ. - Ухунэсынущ уи курсхэм.

Сэ си гуапэ хъурт си анэмрэ ди унэкъуэщ лIымрэ си Iуэху зытетыр абы зэрыжраIар. Иджы сэри Мыхьмуд-Iэзэ дзыхь нэхъ хуэсщI сыхъуат.

Лъэмыжым дызэрикIыу дэ Истамбыл дэт машинэ зэрыхьзэрийм дыхэнэри щIыфэр къэзылыпщI дыгъэ гуащIэр хуегъэзэкI мыхъуауэ дыкъыхэкIыфакъым. Къалэбгъум дыщынэсым унэхэри машинэхэри нэхъ мащIэ хъуащ, уеблэмэ жыжьэу плъагъу ухуэныгъэхэр фейцейуэ икIи мыхьэнэншэ дыдэу къыпщыхъурт. Иджы псэупIэ унэхэм я пIэкIэ плъагъур фабрикэхэмрэ щIыдагъэ игъэхъуапIэхэмрэт, зэзэмызэ хьэщIэщ мыинхэри къахэхуэу.

Зыкъомрэ дэ дыкIуащ гъущI гъуэгум дыбгъурыту, итIанэ, пшапэр зэхэуэпа нэужь, гъуэгушхуэм дытекIри нэхъ бгъузэмкIэ дэддзыхащ. ЗэпэIэщIэурэ дызрихьэлIэ уэздыгъэхэм я нэхум хэплъагъукIырт жыг лъагэхэм я щхьэкIэ папцIэхэр, кхъэхэм дэт сынхэр, сэрей блын гъэжахэр, ут Iэгу нэщIхэр. Зэзэмызэ абыхэм къахэзэрыхьырт щхьэгъубжэ закъуэтIакъуэхэм къыдидз нэхунэ гъуэжьыфэхэр е фабрикэ гуэрым и пэIущIэм кIэрылъ неон уэздыгъэхэр. ИтIанэ дэ Iуащхьэ гуэрым дыдэкIащ. Жыжьэу уафэр щыхъуэпскIри, дыздынэса щIыпIэр зы жыг цIыкIуи имыту зэрыIэнэщIыр дигъэлъагъуу, напIэзыпIэкIэ къигъэнэхуащ.

ИкIэм-икIэжым дыкъыщыувыIэм, ди хъуреягъым зы нэхуни щыплъагъуртэкъым, псэуалъэ гуэри хэплъагъукIыртэкъым, абы къыхэкIыу сэ къысфIэщIащ ди шыгум зыгуэр къыщыщIа щхьэкIэ дыкъэувыIауэ.

- КъыздэIэпыкъут, тIу, - жиIащ Мыхьмуд-Iэзэ.

Дэ дызэдэIэпыкъужурэ пхъэбгъухэр, хьэлъэ къызэраIэт IэмэпсымэмкIэ, хьэлъэ къызэраIэт Iэмэпсымэм и пкъыгъуэхэр, кIапсэшхуэкIэ зэкIэрыпха уэншэкуитI, бел зыбжанэ, къэп къурэхэм ярылъ нэгъуэщI хьэпшыпхэр гум къитхащ.

«Узыншэу фыщыт, фи Iуэхухэр Тхьэм къывигъэхъулIэ!» - къыджиIэри, шыгухур ежьэжащ.

Нэм къыщIэIэбэр умылъагъуу кIыфI зэфэзэщым дыкъызэрыхэнам щхьэкIэ сэ сыкъэгузэващ. Ауэ уафэ джабэр зэзэмызэ къэхъуэпскIырт, вагъуэхэри лыдыжу къытщхьэщытт. Жыжьэу уплъэмэ, Истамбыл телъ пшэхэр къалэм къыпкърыкI уэздыгъэхэм къагъэнэху къыпщыхъуу гъуэжьыфэт.

Уэшхым къигъэуцIынауэ щIыр щIыпIэ-щIыпIэкIэ псыфт. Ди пщыIэр дгъэувыну щIыIэнэщI гъущэ зыкъомрэ дылъыхъуа нэужь, къэдгъуэтри ди хьэпшыпхэр абы тхьащ. Къыздэтша бжэгъухэм щыщ хиукIэри, Мыхьмуд-Iэзэ пщыIэ гъэувыным хуежьащ. КIапсэхэр укъуэдиин, къэрэкъэшхэр егъэубыдын хуейт, ауэ сэ сигъэгужьейрт «Мыбдеж къэубыд, мобыкIэ къэшэщI!» - жиIэу Мыхьмуд-Iэзэ и макъыр зэхэсх фIэкIа жэщ кIыфIым зыри зэрыхэзмылъагъукIым.

Жьындум и джэ макъ къэIуащ. Сэ сегупсысащ; уэшхыр щытеужакIэ, пщыIэр ныжэбэ дымыгъэувми, мыIэмалыншэу, арщхьэкIэ псыкъуиитIым и IэбэкIэ жыджэрым тегушхуэныгъэ къысхилъхьэжри, Iуэхур и кIэм нэдгъэсащ - жэщыбгым ирихьэлIэу пщыIэр къэдгъэувщ, ди уэншэкухэр абы щIэдубгъуэри, дыжеину дыгъуэлъащ. Пшэхэр зэкIэщIихужри, гъэмахуэ жэщыр къабзэ икIи бзыгъэ къэхъужащ, вагъуэбэ уафэм дригъэхъуапсэу. ЦIырцIырхэм я уэрэд цIыкIур щрашэжьэм, абы си гур мамыр дэхъужри псынщIэ дыдэу жей IэфIым сыхилъэфащ.

*(КъыкIэлъыкIуэнущ).*

---

***Фэлэкъэ[1]*** *- КъуэкIыпIэ Гъунэгъум курыт лIэщIыгъуэхэм щыхабзэу щыта тезыр лIэужьыгъуэщ.*



# «Джэгурэшым» шэрджэсхэр къыхохьэ

● Лъэпкъ Iуэху



**Хьэтlохъущокъуэ Къазий и цlэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщрэ зыщlэхъуэпс Iуэхугъуэхэм ящыщ зы къехъулlащ. Иджыблагъэ абы и лэжьыгъэм къыхыхьащ Къэрэшей-Шэрджэсыр. КъэщIэрейхэмрэ гушыlэрейхэмрэ я «Джэгурэш» зэпеуэм, Адыгэбзэ Хасэм илъэсым и кIуэцIкIэ плlэ иригъэкIуэкIым, и ещанэ лигэм и 2-нэ джэгугъуэр Инжыдж псыхъуэ дэс адыгэхэм я деж щызэхэташ.**

«ДЖЭГУРЭШЫР» щекIуэкIащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Къэсейхьэблэ къуажэм дэт, Хъупсырокъуэ Назир и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэмкlэ унэм. Къыхэгъэщыпхъэщ зэхьэзэхуэр гукъинэжу, адыгэбзэр бзэрабзэу, утыкум кърахьэ гушыlэхэр зэпэщу, къызэхуэсахэр игъэпlейтейуэ зэрыщытар.

ЕтIуанэ джэгугъуэм щызэрихьэлlащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт курыт еджапIэм къикIа «Уей-уей, Зеикъуэ!» гупыр (зыгъэхьэзырар **Борэныкъуэ Зое**, **Къэзанокъуэ Валентинэ**, **Куэшбий Жаннэ** сымэщ), Ботэщей къуажэм дэт, Хьэбэч Умар и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм щыщ «Нэхущ вагъуэ» гупыр (зыгъэхьэзырар **Унэж Мадинэщ**), Хьэгъундыкъуей къуажэ дэт курыт еджапIэ №2-м щыщ «Бэчбий» гупыр (зыгъэхьэзырар **Иуан Маринэрэ ЛIымахуэ Маринэрэщ**).

Къэпщытакlуэ гупым хэтт: ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и хасащхьэм щыщхэу: Налшык къалэ дэт, Къудащ Елбэздыкъуэ и цIэр зезыхьэ гимназие №14-м адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакlуэ **Багъ Марьям**, Къэбэрдей-Балъкъэрым бзэхэр зэрадж щlыныпхъэр щауб-зыху институтым и унафэщI, Урыху дэт курыт еджапIэ №2-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ, урысыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж, педагогикэ щlэныгъэхэм я кандидат **ХьэцIыкIу Рае**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI, КIуэкIуэ Валерэ и цlэр зезыхьэ Мэкъумэш къэрал университетым и Стипендие комиссэм и тхьэмадэ **Гугъуэтыж Ахьмэд**, Къэрэшей-Шэрджэсым къыбгъэдэкIыу - Куэш-Хьэблэ къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ Унэм и унафэщI, Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ Адыгэ театрым и джэгуакlуэ **Мамыжь Хьэзрэт**, Куэш-Хьэблэ дэт, Амирокъуэ Ибрэхьим и цlэр зезыхьэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакlуэ **Лий Майе** сымэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Iуэхур екlуу ежьа, утыкур зыхуей хуэзэу къызэгъэпэща хъуным и псалъэ, и мылъку, и гуащlэ хэзылъхьахэм я цlэхэри. Ахэр Хьэбэз къуажэм и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Зэгъэщтокъуэ Изабеллэ**, а жылэм и щIыпIэ администрацэм егъэджэныгъэмкlэ и къудамэм и унафэщI **Туаршы Жаннетэ**, республикэм и Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэ **Аслъэн Алий**, Хъупсырокъуэ Назир и цlэр зезыхьэ Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщI **Даур Аннэ**, ЩэнхабзэмкIэ унэм и методист пашэ **Мамхэгъ Зуридэ**, Куэш-Хьэблэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщI, Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ Адыгэ театрым и джэгуакlуэ **Мамыжь Назир**, Хьэгъундыкъуей къуажэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщI, Акъ Мухьэрбэч и цlэр зезыхьэ Адыгэ театрым и джэгуакlуэ **Унэгъэс Зэмрэт**, Адыгэ щIалэгъуалэ Хасэм и тхьэмадэ **Жу Тимур** сымэ.

Зэпеуэм еплъыну цIыхушхуэ къызэхуэсат. Нэрылъагъут мы махуэм цIыхухэр куэд щIауэ зэрыпэплъэр. КърихьэлIахэм яхэтт хэгъэгум адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджхэр, къуажэдэсхэр, еджакlуэхэр.

Iуэхущlэ бублэныр, абы и япэ лъэбакъуэр хэпшыныр сыт щыгъуи гугъущ. Апхуэдэу щыт пэтми, КъШР-м щыlэ Адыгэбзэ Хасэм и къудамэм, **Шэрджэс Расят** зи пашэм, мы Iуэхум хуабжьу зрагъэлIалlэу елэжьащ, дахэ дыдэуи ирагъэкlуэкlащ.

Сабийхэр хуабжьу Iуэхум дихьэхырт, яфIэгъэщIэгъуэнт, егугъуу зэрызагъэхьэзырар я утыку итыкIэмкIэ плъагъурт.

Джэгуну утыкум къихьа гупхэм уахэдэныр хуабжьу гугъут, сыту жыпlэмэ, дэтхэнэ зыми гукъинэж пщызыщI теплъэгъуэхэр къагъэлъагъуэрт. Псом нэхърэ нэхъ гъэщlэгъуэнт, псалъэм папщIэ, ХьэтIохъущыкъуеймя жэщныкъуэ къэжанык1эр, Ботэщейм я къуажэ къебжэкlыр, Хьэгъундыкъуейм я Евровидениер. КъызыдэкIа къуажэхэм я гушыlэкlэ-псэлъэкlэу сабийхэм утыкум кърахьэхэм къэпщытакlуэ гупыр итхьэкъуат, апхуэдизкlэ къабзэу, дахэу, зэхэщIыкIыгъуэу абыхэм адыгэбзэр ягъэбзэрабзэрти.

Зэпеуэ щыхъукlэ, сыт хуэдэу узыlэпашэми, lэмал имыlэу зыгуэр япэ йощ. Гупхэм къахьа баллхэр зэхалъхьэжа нэужь, япэ увыпlэр хуагъэфэщащ «**Нэхущ вагъуэ**» гупым (Ботэщей). ЕтIуанэ увыпlэр зыlэрагъэхьащ «**Бэчбий**» гупым (Хьэгъундыкъуей). Ещанэ хъуахэщ «**Уей-уей**, **Зеикъуэ!**» гупыр (ХьэтIохъущыкъуей). Зэпеуэм хэта псоми щlыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ. Зыгъэхьэзыра егъэджакlуэхэми къыздикlа курыт еджапlэхэми фlыщlэ, щытхъу тхылъхэр иратащ.

Адыгэбзэ Хасэр зыщIэхъуэпсхэм ящыщ зыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым икlыу Къэрэшей-Шэрджэсым зи лъэр нэзыхуса «Джэгурэш» зэпеуэр республикэ зэпэщхьэхуэхэм щыпсэу адыгэ щIалэгъуалэр зэпызыщlэн Iуэху хъуну. Дэри дыщогугъ дяпэкlи мыпхуэдэ IуэхущIафэкlэ Адыгэбзэ Хасэм и къудамэм нэхъри зиубгъуну, ину зиlэтыну!

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**



# «Розэм тедия нэпс»

● ТхылъыщIэхэр

**Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм щыщ Щоджэн Риммэ и тхылъитI Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ.**

- СЫТ цlыхум къалэмыр къищтэу и блэкlар, и нэгу щlэкlар къезыгъэlуэтэжыр? Абыкlэ нэгъуэщIым дэгуэшэну, зэхащlыкlыну хуейщи, - жеlэ тхылъ тедзапlэм и редактор нэхъыщхьэ Котляров Виктор.

Щоджэн Риммэ тхакlуэкъым икlи литераторкъым. Ар егъэджакlуэу, колхозым учётчицэу, бухгалтеру лэжьащ. Зыпэрыувэ сыт хуэдэ lэнатlэри нэгъэсауэ зыгъэзащIэ Щоджэн Риммэ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и еянэ зэхыхьэм и депутату хахауэ щытащ. Унагъуэ дахэ зыухуа а цlыхубзым быниплI ипlащ.

Риммэ сыт щыгъуи тхылъымпlэ напэм дэгуашэу щытащ: тхэрт, ауэ





зыми иригъэлъагъуртэкъым. Куэд щlакъым и lэдакъэщlэкlхэр дунейм къытригъэхьэну зэрытегушхуэрэ, къызэрыщlэкlымкlэ, и lэрытххэр тхылъ зыбжанэ ирикъунут.

Къыдэкlыгъуэхэм я редактор Хьэту Пётр жеlэ бзылъхугъэм и lэдакъэщlэкlхэр художественнэ тхыгъэ нэгъэсауэ къэплъытэ зэрыхъунур. Абы хэт лlыхъужьхэм я хьэлхэр, теплъэр уи нэгу къыщlегъэувэф, и lэдакъэщlэкlхэр бзэ дахэкlэ тхащ, сюжет гъэщlэгъуэнхэр яlэщ. Нэхъыщхьэращи, Риммэ зэрытхэр адыгэбзэщ. Абы и тхылъхэм я фlэщыгъэ къудейми уатхьэкъу: «Розэм тедия нэпс», «Сыхуиту зы сыхьэт уи гъащlэм сыхэгъэт».

Сыту пlэрэ-тlэ Зеикъуэ щыщ унэгуащэм и lэдакъэщlэкlхэр зытеухуар? Зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъум, куэдым благъэlыхьлы, насып щыщlалъхьэжа, бэр гъейм щихьа, мэкъумэш lэнатlэр щызэфlагъэувэжа зэман хьэлъэрщ. А псоми лъагъуныгъэ къабзэр, пэжыгъэр, псэ къабзагъэр, къэкlуэну дахэм хуиlэ фlэщхъуныгъэр екlуу щыпхышащ.

Щоджэн Риммэ дяпэкlэ къыдигъэкlыну тхылъыщlэм усэ тхынымкlэ иlэ зэфlэкlхэр и щlэджыкlакlуэхэм (апхуэдэхэр и мащlэкъым) я пащхьэ ирилъхьэну и мурадщ.

Мыри къыжыlапхъэщ. Риммэ и тхылъитlми я теплъэр зи lэдакъэщlэкlыр ипхъу Щоджэн-Унэж Залинэщ.

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.**

# Псори зэхозэрыхьыж

● Футбол

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и щlымахуэ чемпионатыр иухыным джэгугъуищ къэнэжауэ арами, абы кърикlуэнур жыжьэуи наlуэкъым. Псори нэхъри зэхагъэзэрыхьыжащ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ иужьу зэхэта зэlущlэхэм.**

ЯПЭЩlЫКlЭ «Школ №31-РусГидро»-м и командэр пэлъэщакъым къыкlэрыху гупым пэгъунэгъу дыдэ Прохладнэ и «ГорИс-179 Кавказкабель»-м. Бжыгъэр къызэlуамыхауэ а зэlущlэр иухащ. Абы къикlырт зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыlыгъ «Къэхъуным» иджы школакlуэхэр очкоищкlэ къыкlэрыхуу. Арщхьэкlэ къыкlэлъыкlуэ махуэм ахэр зэхуэдэ ищlыжащ. Иужьрей джэгугъуитlым очкоитху игъэкlуэду турнир таблицэм хэпщlыкlыу къыщекlуэтэха «Звезда»-м зыкъызэкъуихыжри, пашэр хигъэщlащ.

«Къэхъунымрэ» «Школ №31-РусГидро»-мрэ зэрылъэпэрэпар къыкlэлъыкlуэхэм lэзэу къагъэсэбэпащ, я хьэрхуэрэгъухэр хагъащlэри. Иджыпсту турнир таблицэм япэ увыпlитхур щызыlыгъ дэтхэнэми lэмал къыхукъуэкlащ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и щlымахуэ чем-пион хъуну. Абы зэхьэзэхуэр нэхъри удэзыхьэх ещl.

Ардыдэр пхужыlэнущ гуп нэхъыщхьэм хагъэкlынухэми ятеухуауэ. Апхуэдэ шынагъуэ командэ зыхыблым иджыпсту къащхьэщытщ.

Нэхъ lупщlу щытыр гъуащхьауэхэм я зэпеуэращ. Абы быдэу пашэныгъэр щиlыгъщ «Школ №31-РусГидро»-м и пашэ Апажэ Чэрим.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщlынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и щlымахуэ чемпионатым иужьу щызэхэта зэlущlэхэм кърикlуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Школ №31-РусГидро**» (Налшык) - «**ГорИс-179 Кавказкабель**» (Прохладнэ) - **0**:**0**, «**Къулъкъужын-Тэрч**» (Къулъкъужын) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **1**:**1**, «**Ансар**» (Налшык) - «**Спартак-Налшык-Д**» (Налшык) - **2**:**4**, «**Велес**» (Къэрэгъэш) - «**Спартак**» (Налшык) - **1**:**0**, «**Спартак-Налшык-2000**» (Налшык) - «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - **2**:**0**, «**Спартак**» (Налшык) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **0**:**1**, «**Звезда**» (Налшык) - «**Къэхъун**» (Къэхъун) - **2**:**0**, «**Мурбек**» (Налшык) - «**Союз-Сэрмакъ**» (Налшык) - **1**:**1**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ 2016/2017 гъэхэм я щlымахуэ чемпионатыр зэрекlуэкlыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | Фl. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Къэхъун»** | **12** | **9** | **1** | **2** | **15-6** | **28** |
| **2. «Школ №31-РусГидро»** | **12** | **9** | **1** | **2** | **26-6** | **28** |
| **3. «Звезда»** | **12** | **8** | **3** | **1** | **26-9** | **27** |
| 4. «Велес» | 12 | 8 | 2 | 2 | 21-9 | 26 |
| 5. «Спартак-Налшык-Д» | 12 | 7 | 4 | 1 | 23-11 | 25 |
| 6. «Союз-Сэрмакъ» | 12 | 5 | 4 | 3 | 26-20 | 19 |
| 7. «Мурбек» | 12 | 5 | 3 | 4 | 14-14 | 18 |
| 8. «Къулъкъужын-Тэрч» | 12 | 5 | 2 | 5 | 19-17 | 17 |
| 9. «Ансар» | 12 | 5 | 1 | 6 | 19-26 | 16 |
| 10. «Автозапчасть» | 12 | 4 | 3 | 5 | 13-17 | 15 |
| 11. «Спарта» | 12 | 4 | 0 | 8 | 18-23 | 12 |
| 12. «Спартак - Налшык-2000» | 12 | 3 | 1 | 8 | 10-15 | 10 |
| 13. «ГорИс-Кавказкабель» | 12 | 2 | 4 | 6 | 13-23 | 10 |
| 14. «Шагъдий» | 12 | 3 | 0 | 9 | 13-24 | 9 |
| **15. «ЛогоВАЗ»** | **12** | **2** | **2** | **8** | **13-35** | **8** |
| **16. «Спартак»** | **12** | **1** | **2** | **9** | **10-21** | **5** |



● Налшык къалэ

# Суд Iуэху ящI

**Налшык Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет фэтэр куэд хъу 10-нэ псэупIэ унэм и балконым и теплъэр щхьэзыфIэфIу зэрахъуэжыр къалэ округым и щIыпIэ администрацэм административнэ Iуэху ищIауэ щытащ.**

АБЫ щхьэкIэ къимыгъанэу, фэтэрыр зейм зыхуимыт лэжьыгъэр и кIэм нигъэсащ. Фэтэрыр зэрыщытам хуагъэкIуэжын мурадкIэ, судым иритыну административнэ тхылъхэр къалэм и мэрием иджыпсту егъэхьэзыр.

***Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

# «Софичка» фильмым фрагъэблагъэ



**КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «Южный полюс» фондым, щIалэгъуалэ клубым кино фIыуэ зылъагъухэр фрагъэблагъэ абхъаз тхакIуэ Искандер Фазиль и тхыгъэм къытращIыкIа «Софичка» фильмым. Ар игъэуващ кинорежиссёр цIэрыIуэ Сокуров Александр и гъэсэн Коваленкэ Кирэ.**

КЪЭРАЛ киноконцерт гъэлъэгъуапIэм «Софичка» фильмыр мазаем и 10-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м щагъэлъэгъуэнущ.

УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: 42-43-13, 42-44-27, 44-22-10.



# ФIыщIэ къыхуащI

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

**Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь къыIэрыхьащ Краснодар къалэм щыпсэу Ломоносовэ Аллэ къыбгъэдэкI фIыщIэ тхыгъэ.**

ЦIЫХУБЗЫР Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ щIыналъэмкIэ и къудамэм псэлъат куэд щIауэ зи хъыбар имыщIэ и Iыхьлыр къэгъуэтынымкIэ къыдэIэпыкъуну. Плъыр лэжьакIуэм полицэм и участковэ уполномоченнэхэм и гупыр абы щыгъуазэ ищIри, къэлъэIуам и Iыхьлыхэр щыпсэу хэщIапIэр зы сыхьэтым къриубыдэу къахутащ.

«ФIыщ гудзакъэ зыхэлъ, зыкъыпщIагъэкъуэну хьэзыр апхуэдэ цIыхухэм уахуэзэныр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицэм и лэжьакIуэ псоми узыншагъэ, ехъулIэныгъэ яIэну си гуапэщ!» - къетх Ломоносовэ Аллэ.

***Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

● Гу зылъытапхъэ

# Инджылызыбзэр зэвгъэщIэну фыхуеймэ

**Илъэс 30-кIэ Америкэм щылэжьа егъэджакIуэм инджылызыбзэкIэ хуиту фытхэу, фыкъеджэу икIи фыпсалъэу фригъэсэнущ.**
**Ар ядолажьэ:**
**- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;**
**- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.**

**Курсым зезыгъэтххэр тхьэмахуэм щэ къекIуэлIэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кIэ еджэнущ. Япэ дерсыр пщIэншэу щытынущ.**
**Инджылызыбзэ зыджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкIэ фыпсалъэ хъунущ.**

**Редактор нэхъыщхьэ**
**ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Ныбэжь Таисэ,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 3.623 ●Заказ №146